Кхеторан кехат

Лелаш долчу нормативан-бакъонан документашца догIуш, нохчийн мотт (оьрсийн мотт а санна) Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттан статус йолуш бу (2007 шеран 25 апрелан N 16-РЗ йолу «Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь» Нохчийн Республикин закон (06.03.2020 ш. N 13-РЗ ред.). Иза нохчийн халкъан оьздангаллин коьрта хьал а ду, дешаран хьукматашкахь дешаран предмет санна хьоьхуш а бу.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан Герггара белхан программа (кхидIа Программа) кхолларан бух бу хIара нормативийн-бакъонийн документаш:

- Россин Федерацин конституци (26 статья);
- 2012 шеран 29-чу декабран №273-Ф3 йолу «Россин Федерацин дешаран хьокъехь» Федеральни закон (5, 8, 12, 14 ст.) (02.07.2021 ш. ред.);
- 1991 ш. 25 октябран № 1807-1 йолу «Россин Федерацин халкъийн меттанех» Федеральни закон (2, 6, 9, 10 ст.) (11.06.2021 ш. ред.);
- Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт, Россин Федерацин серлонан Министерсвос 2021 ш. 31 майхь № 286 йолу омранца чIагIдина долу;
- Кхетош-кхиоран герггара программа (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (02. 06. 2020 ш. № 2/20 йолу протокол);
- Россин Федерацин къаьмнийн ненан мотт хьехаран концепци (Россин Федерацин серлонан Министерсвон коллегехь чIагIйина 2019.10.01);
- Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьртачу дешаран герггара программа (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (18.03.2022 ш. № 1/22 йолу протокол);
- 2003 шеран 23 мартан Нохчийн Республикин конституци (09.01.2022 ш. хийцамашца);
- 2007 шеран 25 апрелан N 16-РЗ йолу «Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь» Нохчийн Республикин закон (06.03.2020 ш. N 13-РЗ ред.);
- 2014 шеран 30 октябран N 37-РЗ йолу «Нохчийн Республикин дешаран хьокъехь» Нохчийн Республикин закон (06.03.2020 N 13-РЗ ред.);
- 2020 ш. 17 августан № 180 йолчу «Нохчийн Республикин дешар кхиор» Нохчийн Республикин пачхьалкхан программина хийцамаш йукъабалоран хьокъехь» Нохчийн Республикин Правительствон Постановлени (2022.03.17 бинчу хийцамашца);
- Нохчийн Республикин тIекхуьу чкъор син-оьздангаллин кхетош-кхиоран а, кхиаран а йукъара концепци (тIечIагIйина Нохчийн Республикин Куьйгалхочо 14.02.2013 ш.);
- Нохчийн меттан нийсайаздаран коьртачу бакъонийн гулар тIечIагIйарх №83 йолу Указ (тIечIагIдина Нохчийн Республикин Куьйгалхочо 2020 шеран апрелан 29-чу дийнахь)
- Нохчийн Республикехь нохчийн мотт а, литература а хьехаран концепци (чIагIйина 2022.05. 12 № 3 йолчу Iилманан Советан кхеташонехь);
- Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонаш /Джамалханов З.Д., Мациев А.Г., Овхадов М.Р., Халидов А.И., и.д. кх. – Соьлжа-гIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2022. – 64 а.

Программа кхочушйаран бухахь системехь-гIуллакхдаран некъ бу. «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iамор тIехьажийна ду гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца межпредметни уьйр кхочушйарна.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан йукъара характеристика

«Нохчийн мотт» дешаран предметан герггара белхан Программа йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран программаш кхочушйечу организацешна (хьукматашна) хIоттийна йу.

Школан дешаран хIинцалерчу тенденцешна а, Iаморан жигарчу методикашна а тIехьажийна йолу «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан белхан программа хIотторехь хьехархошна методикин гIо лацаран Iалашонца кечйина йу хIара Программа.

Герггарчу белхан Программас хьехархочун аьтто бийр бу:

1)нохчийн мотт хьехаран процессехь йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь кепе далийна Iаморан личностни, метапредметан, предметан жамIашка кхачаран хIинцалера некъаш кхочушдан;

2) Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца (Россин Федерацин серлонан Министерсвос 2021.05.31 № 286 йолу омранца чIагIдина долу); Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьртачу дешаран герггарчу программица (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (18 мартан 2022 ш. № 1/22 йолу протокол); Кхетош-кхиоран герггарчу программица (къобалйина йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца (02. 06. 2020 ш. № 2/20 йолу протокол); Нохчийн Республикин тIекхуьу чкъор син-оьздангаллин кхетош-кхиоран а, кхиаран а йукъара Концепцица (тIечIагIйина Нохчийн Республикин куьйгалхочо 14.02.2013 ш.) цхьаьнадогIу Iаморан кхочушдан лору жамIаш а, «Нохчийн мотт» дешаран предметан чулацам а Iаморан шерашца къасто а, хIоттамца дIанисбан а;

3)билггал йолчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билгалдина дакъа/тема Iаморна дешаран хенан магийнчу герггарчу дIасайекъарх, ткъа иштта дакъойн/темийн Iаморан коьчал карайерзорхьама йалийнчу дешаран гIуллакхдаран коьртачу кепех пайда а оьцуш, календарно-тематикин планировани кечйан.

Программин чулацам тIехьажийна бу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарто «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан областана лехамийн декъахь далийнчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта дешаран программа кхиамца карайерзоран жамIашка кхачарна.

Программа тIехьажийна йу «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан областана йукъайогIучу нохчийн меттан курсана кхачо йарна а, гIо лацарна а.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан герггарчу белхан Программин чулацам йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца цхьаьнабогIуш бу.

Дешаран предметан чулацам внеурочни гIуллакхдарехула а кхочушбан тарло: экскурсеш, тематикин мероприятеш, къийсамаш (конкурсаш), и.д.кх.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан герггарчу белхан Программин чулацаман коьрта линиш

Дешаран предметан коьчал меттаIилманан дакъошца йогIуш хIоттийна йу. Нохчийн меттан систематически курс Программехь хIокху чулацаман линишца йалийна йу: «Маттах лаьцна хаамаш», «Фонетика, орфоэпи, графика, орфографи»; «Лексика», «Морфемика», «Морфологи», «Синтаксис», «Орфографи а, пунктуаци а», «Къамел кхиор».

Программехь къаьсташ йу кхо блок: «Къамелан гIуллакхдаран тайпанаш», «Систематически курс» (1-чу классехь хьалхарчу эха шарахь – «Йоза-дешар Iамор»), «Къамел кхиор».

«Къамелан гIуллакхдаран тайпанаш» цIе йолу хьалхара блок йоьзна йу шайн вовшашца йолчу уьйраца цхьаьна къамелан гIуллакхдаран деа тайпанехула кхиарца, йуьхьанцарчу классийн дешархойн (тIекеренан Iалашонаш къасто хаа, къамелан тIекеренехь нийса дакъалаца) коммуникативни карадерзарш кхиорца; къамелан этикетан бакъонех пайдаэцаран практика алсамйаккхарца.

«Систематически курс» цIе йолчу шолгIачу блоко йукъалоцу меттан дакъойх пайдаэцарна тIехь тергам барна кхачо йен чулацам, дешаран а, практикин а хьелашкахь меттан дакъойх пайдаэцаран бухера карадерзарш а, хаарш а кхиор; хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманех болу йуьхьанцара кхетамаш кхоллар. ХIара блок

тIехьажийна йу (Iамийнчун гурашкахь) хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманаш практикехула карайерзорна; дахаран йерриге сферашкахь нохчийн маттах пайдаэцарехь жоьпаллин а, кхетаме а йукъаметтиг кхиорна.

«Къамел кхиор» цIе йолу кхоалгIа блок. Чулацаман коьртачу декъах кху блокехь текстаща бен болх бу: кхета хаар кхиор, йеллачу текстаща анализ йар, тайп-тайпанчу функциональни-маьIнийн тайпанийн, жанрийн, стилийн шен тексташ кхоллар.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан Іалашо а, хьесапаш а

Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран тIегIанехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан **Іалашо –** дешархойн коммуникативни хьуьнарш кхоллар (барта а, йозанан а, монологан а, диалоган а къамел кхиор), уьш къамелан гIуллакхдарна практикехь йукъабалор; дешархошкахь нохчийн маттах а, халкъан культурица цуьнан уьйрах а билггал долу хаарш кхоллар.

Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран тIегIанехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморан **хьесапаш ду** дешархошкахь кхоллар а, кхиор а:

– нохчийн меттан шатайпаналлех, къоман ламастех, шен халкъан культурех йуьхьанцара кхетам; этнически кхетам (самосознани) кхиор;

– нохчийн матте позитиван эмоцин-мехаллин йукъаметтиг, цуьнан цIеналла а, башхалла а ларйарехь декъах хиларан синхаам; нохчийн матте бовзаран дог дар, шен къамел кхачаме дало гIертар;

– тIекеренан Іалашонашца, хьелашца, хьесапашца богIу меттан гIирсаш харжарехула, нохчийн маттахь жамIаш дарехула а, шена хетачунна бух балорехула долу хьуьнар кхоллар а, кхиор а;

– хьехархочун/одноклассникийн барта аларш хазарехь тIеэца хьуьнар кхоллар а, кхиор а;

– нийса йеша а, нийса йазйан а, урокан темехула диалогехь а, коллективан беседехь дакъалаца, чолхе доцу барта монологан аларш а, йозанан тексташ а хIитто хаар кхоллар а, кхиор а;

– нохчийн меттан системех а, хIоттамах а болу йуьхьанцара кхетамаш (фонетикех, графикех, лексикех, морфемикех, морфологех, синтаксисах);

– функциональни говзалла а, хийцалучу дуьненаца кхиаме зIе латто а, кхин дIа долчу кхиаме дешарна кийча хилар а кхоллар а, кхиор а.

Дешаран планехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан меттиг

Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца цхьаьнадогIуш, «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан областана йукъа а йогIу, Іамо тIейожош а йу.

«Ненан (нохчийн) мотт» Іаморна леринчу сахьтийн йукъара терахь – 405 с. (хIора классехь кIирнах 3с.): 1-чу классехь – 99 с., 2-чу классехь – 102 с., 3-чу классехь – 102 с., 4 классехь – 102 с.

Дешаран учрежденин бакъо йу дешаран предмет Іаморна деллачу сахьтийн барам, дешаран йукъаметтигийн декъашхоша кхуллучу планан декъан сахьтийн чоьтах ша алсамбаккха.

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МОТТ» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

1 класс

Йоза-дешар Іамор

Къамел кхиор

Гайтаме-васте моделийн гIоьнца къамелах болу йуьхьанцара кхетам.

Къамел суьртийн а, схемийн а гIоьнца маьIнийн дакъошка (предложенешка) декъар.

Текстах болу йуьхьанцара кхетам. Хозуьйтуш ша йоьшуш а, ладугIуш а текстах кхетар.

ХIума а, цуьнан цIе йоккху дош а.

(Мила?), (хIун?) бохучу хаттаршна жоьпаш лун дешнаш. ХIуманийн дараш гойту дешнаш. Дашах а, предложенех а йукъара кхетам.

Iаморан диалогехь дакъалацар. Билгалйаьхначу теманашна а, хьелашна а йуьхьанцара диалог хIоттор.

Сюжетан суьртех а, шайн ловзарех а, занятех а, тергамех а дийцаран кепехь кегий дийцарш хIиттор.

Къамелан гIиллакхаш. Нохчийн меттан гIиллакхе дешнаш (маршалла хаттар– *Iуьйре дика хуьлда! Суьйре дика хуьлда! Де дика хуьлда! Iодика йар – Iодика йойла! благодарность – Дела реза хуьлда! Баркалла! ...).*

Хаттаран предложенин интонаци (йиш).

Нохчийн маттехула йолчу тексташкахь оьрсийн маттара тIеэцна дешнаш довзар.

Дош а, предложени а

Дешан маьIнин тергам. Гергара а, дуьхьалара а маьIна долу дешнаш. Уьйр лелорехь дешан меттиг а, цуьнан гIуллакх а. Къамелехь хIуманаш, хIуманийн билгалонаш, дараш билгалдечу дешнех нийса пайдаэцар.

Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а.

ХIума (объект) йовзар санна дош тIеэцар. Дешан маьIнина тIехь тергам.

Дош а, цо билгалйо хIума а йовзар (къастар).

Дош а, предложени а йовзар. Предложеница болх бар: дешнаш билгалдахар, церан хьалх-тIаьхьалла (рогIалла) хийцар. Предложенин йозанан кеп йалор. Тайп-тайпанчу эшарца (интонацица) предложенеш дIайешар. Интонированин (иэшарца йешаран) хаарш шардар. Текстера предложенийн барам билгалбар.

Диалог.

1-на тIера 10-на тIекхаччалц дагардар.

Фонетика

Къамелан аьзнаш. Дешан аьзнийн хIоттаман а, цуьнан маьIнийн а цхьаалла. Дашехь долчу аьзнийн хьалх-тIаьхьалла а, аьзнийн барам а къастор. Схемина тIе а тевжаш, къамелан аьзнийн характеристика йар. Нохчийн меттан аьзнаш оьрсийн меттан аьзнашца дустар.

«*К*» элпаца билгалде аьзнаш.

Цхьана йа масех озаца къаьсташ долу дешнаш дуьхь-дуьхьал хIиттор: *лом, лам, кхор, кор, лу, ло.* Дешан аьзнийн анализ, аьзнийн моделашца болх бар: дешан аьзнийн хIоттаман модель йиллар, билгалйинчу моделаца догIу дешнаш далор.

Мукъа, мукъаза аьзнаш а, зевне, къора мукъаза аьзнаш а довзар (къастар).

Нохчийн меттан ша-тайпа аьзнаш: *кх, къ, кI, аь, оь, уь, юь, яь, хь, гI, пI, тI, хI, цI, чI, I.*

Дешдакъа аларан уггаре жима дакъа санна. Дешнаш дешдакъошка декъар. Дашехь дешдакъойн барам. Дешнаш дешдакъошца дешар.

Графика

Аз а, элп а довзар (къастар): элп аз билгалден хьаьрк санна. Нохчийн меттан элпаш. Доккха а, могIанан а элп. Абат (алфавит). Нохчийн алфавитан оьрсийн алфавитах къастар.

Нохчийн графикийн дешдакъойн принцип. Нохчийн меттан шина хьаьркаца билгалдо ша-тайпа мукъа *(аь, уь, оь)* а, мукъаза (*гI, кх, къ, кI, пI, тI, хI, хь, цI, чI*) а элпаш. Элп *I*. Дешнийн аьзнийн-элпийн анализ.

Е, ё, ю, я, й элпийн гIуллакх.

Адамийн фамилешкахь а, цIерашкахь а, дийнатийн а, гIалийн, йартийн, урамийн цIерашкахь а доккха элп е*, ё, я, яь, ю, юь* йаздар.

Нохчийн алфавитехь элпийн хьалх-тIаьхьалла.

Йешар

Дешдакъошца йешар (мукъа аз билгалдечу элпе хьаьжжина). Дешдакъошца шера а, индивидуальни темпаца йогIучу сихаллица дийнна дешнашца а йешар. Сацаран хьаьркашца йогIучу соцунгIашца а, интонацица (иэшарца) а йешар. Дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш, йаккхий йоцу тексташ кхеташ йешар. Йаккхий йоццу прозин текстийн а, стихотворенийн а исбаьхьаллин йешар. Хьехархочун хаттаршна тIетевжаш а, шеггара а текст схьайийцар.

Нийсааларан (орфоэпин) йешар (дийнна дешнаш деша дуьйлалуш). Нийсайаздаран (орфографин) йешар (проговаривание), дIайоьшуш йазйарехь а, схьайазйарехь а ша шен таллам (самоконтроль) баран гIирс санна.

Йоза

Йоза Iамор а, каллиграфин говзалла кхоллар а. Йоза кхочушдечу хенахь, ларбан оьшу уьнахцIоналлин лехамаш бовзийтар. Куьйган пIелгаш лелоран жигаралла (мелкая моторика) а, паргIат куьг лелор а кхиор.

Тетрадь тIехь кехатан агIонан шортонехь а, классан уьнан шортонехь а ориентаци йан хаар кхиор.

Йозанан даккхий а, могIанан а элпаш дIайаздар карадерзор. ЦIена а, къаьсташ долчу а хотIаца йаздар. ДIадоьшуш дешнаш а, предложенеш а йазйар.

Текст нийса схьайазйаран приемаш а, хьалха-тIаьхьалла а.

Элпийн боцу графикин гIирсийн гIуллакхах кхетар: дешнашна йукъарчу кIайдарган, сехьадаккхаран хьаьркан.

Орфографи а, пунктуаци а

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешнаш къаьстина йаздар; предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а (адамийн цIерашкахь, дийнатийн, гIалийн, йартийн, урамийн а цIерашкахь) а доккха элп йаздар; адамийн цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь а *я, яь, ю, юь, е, ё* элпийн а, долахьчу цIерашкахь а, тIеэцначу дешнашкахь а *я, ю, е, ё* элпийн а нийсайаздар; нохчийн меттан шалхачу мукъазчу элпийн (*хь,кх,цI, къ, пI,...)* нийсайаздар; *ю, ы, ф, я, щ* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; мукъазчу аьзнийн цхьаьнакхетарш доццу дешдакъошца долу дешнаш сехьадахар; предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш.

Систематически курс

Маттах болу йукъара хаамаш

Мотт адамийн уьйр лелоран коьрта гIирс санна. ТIекеренан Iалашонаш а, хьелаш а.

Фонетика

Къамелан аьзнаш. Мукъа, мукъаза аьзнаш а, уьш довзар а. Зевне, къора мукъаза аьзнаш а, уьш довзар а. Нохчийн меттан ша-тайпа аьзнаш.

Дешдакъа. Дашехь дешдакъойн барам. Дешнаш дешдакъошка декъар (мукъазчу аьзнийн цхьаьнакхетарш доцу атта дешнаш).

Графика

Аз а, элп а. Аьзнаш а, элпаш а довзар. Нохчийн меттан ша-тайпа (шалха) элпаш.

ТIеэцначу дешнашкахь бен пайда ца оьцу *е, ё, ю, я* элпаш. Адамийн цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь а, дийнатийн цIерашкахь а доккха элп.

Нохчийн абат (алфавит): элпийн цIераш, церан хьалх-тIаьхьалла. Дешнийн къепйоза рогIаллехь нисдархьама, абатах пайдаэцар.

Элпийн боцу графикин гIирсаш: дешнашна йукъара кIайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк.

Орфоэпи

Аьзнаш а, аьзнийн цхьаьнакхетарш а алар: шала мукъаза [*кхкх*], [*тт*], [*лл*], *и.д.кх.*

Лексика

Дош меттан дакъа санна (довзийтар).

Дош хIуманан, хIуманан билгалонан, хIуманан даран цIе санна (довзийтар).

Синонимаш а, антонимаш а (йукъара кхетам, терминаш а ца йалош).

Синтаксис

Дешнийн цхьаьнакхетар (довзийтар). Предложени меттан дакъа санна (довзийтар).

Предложенехь дешнийн къепе. Предложени дIайазйаран бакъонаш. МаьIнийн хаттарийн гIоьнца предложенехь дешнийн уьйр билгалйаккхар. Кепах йохийна предложенеш йухаметтахIиттор. Цхьаьнатоьхначу дешнийн кепех предложенеш хIиттор. Предложенин схема. Предложенин схема йешар. Предложени а, цуьнан схема а йустар (соотнесение). Схемехула а, билгалдинчу дешнашкахула а предложенеш хIиттор.

Текст. Текстан билгалонаш. Текстан тема а, цIе а.

Орфографи а, пунктуаци а

Нийсайазйаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: предложенехь дешнаш къаьстина йаздар; предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а доккха элп йаздар: адамийн цIерашкахь а, фамилешкахь а, дийнатийн цIерашкахь а; адамийн цIерашкахь, фамилешкахь, ден цIерашкахь, дийнатийн цIерашкахь *я, яь, ю, юь, е, ё* элпийн нийсайаздар, тIеэцначу дешнашкахь *я, ю, е, ё* элпийн нийсайаздар; нохчийн меттан мукъазчу элпийн *(хь, хI, кх, чI, и.д.кх.)* нийсайаздар*; щ, ь, ы, ф* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; дешнаш сехьадахар; предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш: тIадам, хаттаран а, айдаран а хьаьркаш.

Текст схьайазйаран алгоритм.

Къамел кхиор

Къамел адамашна йукъахь тIекере лелоран коьрта кеп санна. Барта а, йозанан а къамел: коьрта башхаллаш (отличия). Дош къамелан дакъа санна. Къамелехь дешан маьIна (роль). Предложени а, текст а къамелан дакъош санна (довзийтар). Текстан цIе. Шен (собственный) текст хIоттор.

ТIекеренан хьелаш: тIекеренан Iалашо, хьаьнца, мичахь кхочушхуьлу тIекере. Барта тIекеренан хьелаш (диалогаш ролашца йешар, видоматериалашка хьажар, аудиозаписе ладогIар).

Дешаран а, Iер-дахаран а хьелашкахь къамелан этикетан норманаш (маршалла хаттар, Iодика йар, бехк цабиллар дехар, баркалла алар, дехар дар).

2 КЛАСС

Маттах лаьцна йукъара хаамаш

Мотт адамийн тIекеренан коьрта гIирс а, къоман культурин хилам а санна. Россин а, дуьненан а меттан шортенан тайп-тайпаналлех йуьхьанцара кхетамаш. Мотт бовзаран некъаш: тергам, анализ.

Фонетика, графика, орфоэпи

Аьзнийн маьIна къасторан гIуллакх; аьзнаш а, элпаш а; зевне, къора мукъаза аьзнаш довзар. Озан башхаллин характеристика: мукъа – мукъаза; зевне – къора мукъазнаш. Нохчийн меттан ша-тайпа мукъа фонемаш (аь – аь, оь – оь, уь – уьй) а, уьш элпашца билгалйар а *(аь, оь, уь, яь, юь). Я, яь, ю, юь, е(ё)* элпашца дешна̄ш. *Э, е̄* элпашца дешнаш. Деха а, доца а мукъанаш. *Й* элпаца долу дешнаш. Нохчийн меттан ша-тайпа мукъаза

фонемаш *(гI, кI, къ, кх, пI, тI, хI, хь, цI, чI, I)* а, уьш элпашца билгалйар а. *Щ, ь, ы, ф* элпашца долу дешнаш. Шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хеза дешнаш нийсайаздар.

Дешнаш дешдакъошка декъар (мукъаза элпийн цхьаьнакхетарш дерш а цхьаьна).

Дошамашца болх беш алфавитах болчу кхетамах пайдаэцар.

Элпийн боцу графикин гIирсаш: дешнашна йуккъехь кIайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк, абзац (цIен могIа), сацаран хьаьркаш (Iамийнчун барамехь).

Лексика

Дош декаран а, маьIнин а цхьаалла санна. Дешан лексикин маьIна (йукъара кхетам). Текстехула дешан маьIна билгалдаккхар йа дошаман гIоьнца маьIна нисдар.

ЦхьанамаьIнийн а, дукхамаьIнийн а дешнаш (атта дешнаш, тергам).

Къамелехь синонимех а, антонимех а пайдаэцарна тIехь тергам.

Дешан хIоттам (морфемика)

Орам дешан ца хилча ца долу дакъа санна. Цхьанаораман (гергара) дешнаш. Цхьанаораман (гергарчу) дешнийн билгалонаш. Дешнашкахь орам къастор (аттачу меттигашкахь).

Морфологи

Къамелан дакъош

ЦIердош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«мила?», «хIун?»)*, къамелехь пайдаэцар. Йукъара а, долахь а цIердешнаш (фамилеш, цIераш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш).

Хандош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«хIун до?», «хIун дина?», «хIун дийр ду?»)*, къамелехь пайдаэцар.

Билгалдош (довзийтар): йукъара маьIна, хаттарш *(«муха?», «хьенан?» «стенан?»)*, къамелехь пайдаэцар.

ДештIаьхье. Уггар йаьржина дештIаьхьенаш: *тIе, тIера, чу, чуьра, кIел*, и.д.кх.

Синтаксис

Предложенехь дешнийн къепе; предложенехь дешнийн уьйр (карладаккхар).

Предложени меттан дакъа санна. Предложени а, дош а. Предложенин дашах къастар.

Аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: дийцаран, хаттаран, тIедожоран предложенеш.

Синхаамийн иэшаре (эмоцин окраске) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (интонацехула (иэшарехула): айдаран а, айдаран йоцу а предложенеш.

Орфографи а, пунктуаци а.

1-чу классехь Iамийна нийсайаздаран бакъонаш карлайахар. Предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а доккха элп (цIераш, фамилеш, дийнатийн цIераш); предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш; дош цхьана могIарера вукху могIаре сехьадаккхар (дешан морфемин декъадалар тидаме а ца оьцуш);

Нийсайаздаран син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна. Дешан йаздар къасторхьама (нисдархьама), Iаматан тIерачу нийсайаздаран дошамах пайдаэцар.

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: долахь цIерашкахь доккха элп: цIераш, фамилеш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш; йукъарчу цIерашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)* элпийн нийсайаздар, тIеэцначу (йукъарчу) дешнашкахь *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар; долахь цIерашкахь: цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь, дийнатийн цIерашкахь, меттигийн цIерашкахь (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)*элпийн нийсайаздар,

тIеэцначу дешнашкахь (долахь цIерашкахь) *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар; нохчийн меттан мукъазчу элпийн *(къ, кI, кх, гI, и.д.кх.)* нийсайаздар; шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хезачу дешнийн нийсайаздар *(-эв,-аьв,-ев)*; *щ, ь, ы, ф* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; деха мукъа *и, уь* хезачохь *й* элп йаздар; дештIаьхьенаш цIердешнашца къаьстина йазйар.

Къамел кхиор

Коммуникативни хьесап эвсараллица кхочушдархьама, барта тIекеренан Iалашонашца а, хьелашца а цхьаьнабогIу меттан гIирсаш харжар (деллачу хаттарна жоп далархьама, шена хетарг алархьама). Къамел дан хаар (дIадоло, къамелехь дакъалаца, къамел чекхдаккха, тидам тIеберзо, и. д.кх.). Къамелан диалоган кеп практикехь карайерзор. Дешаран а, Iер-дахаран а тIекеренан хьелашкахь къамелан этикетан норманаш а, орфоэпин (нийсааларан) норманаш а ларйар. Цхьаьна гIуллакхдарехь шимма цхьаьна а, тобанашкахь а болх дIахьуш, бартбан а, йукъарчу сацаме ван а хаар.

Суьртан репродукцихула барта дийцар хIоттор. Ша бинчу тергамашкахула а, хаттаршкахула а барта дийцар хIоттор.

Текст. Текстан билгалонаш: текстера предложенийн маьIнийн цхьаалла; текстера предложенийн хьалх-тIаьхьалла; текстехь кхочушхилла йаьлла ойла гайтар. Текстан тема. Коьрта ойла. Текстан цIе. Билгалйинчу текстaшна цIе харжар. Текстан дакъойн (абзацийн) хьалх-тIаьхьалла. Предложенийн а, абзацийн а рогIалла талхийна тексташ нисйар.

Текстийн тайпанаш: суртхIоттор, дийцар, ойлайар, церан башхаллаш (йуьхьанцара довзийтар).

Декъалдар а, декъалдаран открытка (диллина кехат) а.

Текстах кхетар: текстехь болчу хааман буха тIехь цхьалха жамIаш кепе далоран хаар кхиор. Нийсачу интонацица (иэшарца) текстан хозуьйтуш исбаьхьаллин йешар.

Хаттаршна тIе а тевжаш, 25-35 дешан барамехь йолу дийцаран текст ма-йарра схьайийцар.

3 КЛАСС

Нохчийн маттах болу хаамаш

Нохчийн мотт тIекеренан мотт санна. Мотт бовзаран некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент.

Фонетика, графика, орфоэпи

Нохчийн меттан аьзнаш: мукъа/мукъаза, къора/зевне мукъазнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш.

Йеха а, йоца а дифтонгаш *иэ, уо*, уьш йазйар. Нохчийн маттахь *ъ* гIуллакх. *ъ, ь* долчу дешнашкахь *(айъа, тетрадь...)* аьзнийн а, элпийн а хIоттаман базар (соотношение).

Дошамашца, справочникашца, каталогашца болх беш, алфавитах пайдаэцар.

Аьзнийн а, аьзнийн цхьаьнакхетарийн а аларан норманаш; дешнашкахь мукъачу аьзнийн дохалла (нохчийн маттахь жигара пайдаоьцучу дешнийн масалшца).

Лексика

Дешан лексикин маьIна.

Дешан нийса а, тIедеана а маьIна (довзийтар).

Дешан хIоттам (морфемика)

Орам дешан ца хилча ца долу дакъа санна; цхьанаораман (гергара) дешнаш; цхьанаораман (гергарчу) дешнийн билгалонаш; цхьанаораман дешнаш а, синонимаш а довзар; дешнашкахь орам къастор (аттачу дешнашкахь); чаккхе, дешан хийцалуш долу дакъа санна.

Цхьанаораман дешнаш а, цхьана дешан кепаш а. Орам, дешхьалхе, суффикс – дешан маьІне дакъош. *-р, - хо, -ча* суффиксашца долу дешнаш. Хьастаран-жимдаран суффиксашца дешнаш кхоллар *(цІа-цІелиг, кема-кемалг...).*

Морфологи

ЦІердош: йукъара маьІна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар.

Долахь (фамили, цІе, ден цІе, дийнатийн цІераш, меттигийн цІераш, говзарийн, газетийн, журналийн цІераш…) а, йукъара а цІердешнаш. ЦІердешнийн терахьашца хийцадалар. Цхьаллин терахьан а, дукхаллин терахьан а бен кеп йоцу цІердешнаш. ЦІердешнийн классаш. ЦІердешнийн классийн гайтамаш. ЦІердешан дожар. ЦІердешан дожар билгалдаккхар. ЦІердешнийн дожаршца а, терахьашца а хийцадалар.

Билгалдош: йукъара маьІна, хаттарш *(муха? хьенан? стенан? муханиг?)*, къамелехь пайдаэцар. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн классашца а, терахьашца а, дожаршца а хийцадалар.

ЦІерметдош (йукъара кхетам). Йаххьийн цІерметдешнаш а, къамелехь царах пайдаэцар а. Текстехь цхьана дешан ца оьшу йух-йуха далор дІадаккхархьама, йаххьийн цІерметдешнех пайдаэцар.

Хандош: йукъара маьІна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар. Хандешан билгалза кеп. Хандешан карара, йахана, йогІу хан.

ДештІаьхье (карладаккхар). ДештІаьхьенаш *тІе, чу,* церан дешхьалхенех *(тІе-, чу-*) къастар. *Ца, ма* дакъалгаш а, церан маьІна а.

Синтаксис

Предложени. Дешнийн цхьаьнакхетар. МаьІнийн (синтаксисан) хаттарийн гІоьнца предложенехь дешнашна йукъара уьйр билгалйаккхар.

Предложенин коьрта меженаш: подлежащи, сказуеми. Предложенин коьртаза меженаш (тайпанашка а ца йоькуш). Йаьржина а, йаржаза а предложенеш.

Хуттург йоцчу а, *а* хуттургаца йолчу а предложенин цхьанатайпанчу меженашна тІехь тергам.

Орфографи а, пунктуаци а

Орфографин син иралла нийсайаздаран гІалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хІоттийна а, билгалйаьхна а тексташ талларехь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а).

Нийсайаздаран (орфографин) дошамах дешан нийсайаздар къастош (нисдеш) пайдаэцар.

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: долахь цІерашкахь (фамилеш, цІераш, дайн цІераш, дийнатийн цІераш, меттигийн цІераш, говзарийн, журналийн, газетийн… цІераш) а, йукъарчу цІерашкахь *я, яь, ю, юь, е* элпийн нийсайаздар (карладаккхар а, тІечІагдар а); йеха а, йоца а *иэ, уо* дифтонгийн нийсайазйар; чаккхенгахь *-г, -к* элпаш долчу цІердешнашкахь *а* йа *и* элп йаздар; дешан чаккхенгахь шала мукъаза элпаш йаздар *(диттт, мотт, балл…)*; нохчийн меттан шатайпа мукъаза элпаш нийсайаздар *(ккх, ккъ, чкІ,..)*; дешан чаккхенгахь *н* элп йаздар; дештІаьхьенаш йаххьийн цІерметдешнашца къаьстина йазйар; дакъалгаш *ца, ма* хандешнашца къаьстина йаздар; *й, ъ, ь* элпашца долу дешнаш сехьадахар; шала мукъазчу элпашца *(лл, тт, сс…)* долу дешнаш сехьадахар; шалхачу шала мукъазчу элпашца *(ккх, ткъ, чкъ…)* долу дешнаш сехьадахар; цІердешнийн дукхаллин терахьан чаккхе; дештІаьхьенийн нийсайазйар; *ца, ма,* дакъалгашца дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар.

Къамел кхиор

Къамелан этикетан норманаш: барта а, йозанан а кхайкхар, дехар дар, бехк цабиллар дехар, баркалла алар, духатохар, и.д.кх. Дешаран а, Іер-дахаран а тІекеренан хьелашкахь

къамелан этикетан норманаш а, нийсааларан (орфоэпин) норманаш а ларйар. Диалогехь а, дискуссехь а шена хетарг кепе дало, тIечIагIдан; барт бан а, цхьаьна гIуллакхдарехь йукъарчу сацамна тIетан а; шимма цхьаьна, тобанашца болх кхочушбеш, дарашна тIехь таллам (контроль) бан (барта уьйр йан) гIо ден къамелан гIирсаш.

Нохчийн мотт ца хуучу нахаца тIекере лелоран хьелашкахь къамелан этикетан башхаллаш.

Текстан план. Текстан план хIоттор, йеллачу планаца текст йазйар. Йаххьийн цIерметдешнийн, синонимийн, хуттургийн гIоьнца текстехь предложенийн уьйр. Текстехь коьрта дешнаш.

Текстийн тайпанаш (дийцар, суртхIоттор, ойлайар) къастор а, билгалйинчу кепан шен тексташ кхоллар а.

Кехатан, дIакхайкхоран (объявленин) жанр.

Массара цхьаьна йа ша хIоттийнчу планаца текст схьайийцар.

Талламан, довзийтаран йешар.

4 КЛАСС

Нохчийн маттах болу хаамаш

Нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт санна. Мотт – халкъан синъоьздангаллин коьртачу мехаллех цхьаъ санна.

Мотт бовзаран тайп-тайпана некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент, мини-таллам, проект.

Фонетика, графика, орфоэпи

Йеллачу параметрашца дашехь а, дашехь доцуш а аьзнийн характеристика, дустар, классификаци йар. Дешан аьзнийн-элпийн таллам.

Къамел даран (говорение) а, йешаран а процессехь нийса интонаци (иэшар). Аьзнийн, аьзнийн цхьаьнакхетарийн аларан норманаш; дешнашкахь, хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманашца йогIу, йохалла (Iаматехь Iамочу дешнийн кIеззиг масалшна тIехь).

Лексика

Къамелехь синонимех, антонимех, омонимех пайдаэцарна тIехь тергам.

Къамелехь дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарех (фразеологизмех) пайдаэцарна тIехь тергам (довзийтар).

Дешан хIоттам (морфемика)

Хийцалучу дешнийн хIоттам, морфемаш атта къасталучу дешнашкахь орамаш, дешхьалхенаш, суффиксаш, чаккхенаш билгалйахар (Iамийнарг карладаккхар).

Дешан лард. Чолхе дешнаш (довзийтар).

Морфологи

Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош (йуьхьанцара довзийтар).

ЦIердош. ЦIердешнийн легар. 1, 2, 3, 4-чу легарийн цIердешнаш. Долахь цIердешнийн легар (цIераш, фамилеш).

Билгалдош. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн легар.1,2-чу легаран билгалдешнаш. Легалуш доцу билгалдешнаш (хьенан? стенан? хаттаршна жоп лун билгалдешнаш).

Терахьдош. Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш.

ЦIерметдош. Йаххьийн цIерметдешнаш (карладаккхар). Цхьаллин а, дукхаллин а терахьан йаххьийн цIерметдешнийн дожаршца хийцадалар.

Хандош. Хандешан билгалза кеп. Хандешнийн карара, йахана, йогIу хан. Хандешнаш хенашца хийцадалар.

Куцдош (йукъара кхетам). МаьIна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар.

ДештIаьхье.

Хуттург. Цхьалхе а, чолхе а предложенешкахь хуттургаш.

Дакъалгаш *ца, ма,* церан маьIна.

Синтаксис

Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а, церан тераллех а, башхаллех а кхетар; аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (дийцаран, хаттаран, тIедожоран); синхаамийн иэшаре (айдаран а, айдаран йоцу а) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш; йаьржина а, йаржаза а (Iамийнарг карладаккхар). Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам.

Цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш: хуттургаш йоцу а, хуттургашца йолу а. Цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь дагардаран интонаци (иэшар).

Цхьалхе, чолхе предложени (йовзийтар).

Орфографи а, пунктуаци а

Орфографин син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хIоттийна а, схьакховдийна а тексташ талларехь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а).

Нийсайаздаран (орфографин) дошамах, дешан нийсайаздар къастош (нисдеш), пайдаэцар.

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар; хуттургаш йоцуш а, хуттургашца а цхьаьнатоьхначу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

Шина цхьалхечу предложенех лаьттачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш (тергам).

Къамел кхиор

Барта а, йозанан а тIекеренан хьелаш (кехат, декъалваран открытка, дIакхайкхор (объявлени), и.д.кх.); диалог; монолог; текстан цIарехь текстан тема йа коьрта ойла гайтар.

Йозанан къамелан нийса хилар, хьал долуш хилар, исбаьхьалла а тидаме а оьцуш, тексташ (йелларш а, шен а) нисйар.

Схьайийцар, дIайазйар (текстан барта а, йозанан кепехь а ма-йарра схьайийцар, текстан барта хоржуш схьайийцар).

Сочинени йозанан белхан тайпа санна.

Талламан, йовзийтаран йешар. Текстехь гучу кепехь балийна хаам лахар. Текстехь болчу хааман буха тIехь цхьалхачу жамIийн кепаш йалор. Текстехь болчу хааман интерпретаци а, жамIдар а.

ЙУЬХЬАНЦАРЧУ ЙУККЪЕРЧУ ДЕШАРАН ТIЕГIАНЕХЬ «НЕНАН (НОХЧИЙН) МОТТ» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ПРОГРАММА КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Iаморан жамIехь кхетош-кхиоран гIуллакхдаран коьрта некъаш кхочушдечу хенахь дешархочун кхоллалур ду хIара **личностни** жамIаш:

гражданско-патриотически кхетош-кхиоран:

- шен Даймахкаца механаллин йукъаметтиг кхоллайалар, цу йукъахь республикин истори а, культура а гойту, ненан мотт Iаморехула а;

- шен этнокультурин а, россин а граждански идентичностах кхетар, Нохчийн Республикин пачхьалкхан маттах санна, ненан (нохчийн) меттан маьІналлех кхетар;
- шен мехкан а, даймехкан а дІадаханчун, таханенан, хиндолчун декъахь хилар, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршца болх барехь, хьелаш дийцаре дарехула а;
- шен а, кхечу а халкъашка ларам, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршкара масалийн буха тІехь кхуллуш берг а;
- йукъараллин декъашхочух санна, адамах болу дуьххьарлера кхетам, адаман бакъонех а, жоьпаллех а, ларамах а, адаман сийлаллех а, леларан гІиллакх-оьздангаллин норманех а, адамашна йукъарчу йукъаметтигийн бакъонех а, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршкахь гайтинарш а;

син-оьздангаллин кхетош-кхиоран:

- шен дахарехь а, йешарехь а зеделлачунна тІе а тевжаш, хІора адаман индивидуальность ларар;
- догъэцар а, ларам а, диканиг лаар а гучудаккхар, царна йукъахь шегара хьал а, синхаамаш а бовзийтархьама, нийса меттан гІирсах пайдаэцар а;
- кхечу адамашна куьйган (физически) а, моральни (оьздангаллин) а зен дарна тІехьажийнчу леларан муьлхха а кепаш цайезар (пайдаэца цатарлучу меттан гІирсех йоьзнарш а цхьаьна);

эстетикин кхетош-кхиоран:

- исбаьхьаллин культурица лараме йукъаметтиг а, шовкъ а, искусствен тайпанашна а, шен а, кхечу а халкъийн ламасташна а, кхолларалина а экамалла;
- исбаьхьаллин гІуллакхдаран тайп-тайпанчу кепашкахь ша гайта гІертар, меттан говзаллехь а цхьаьна; тІекеренан а, ша гайтаран а гІирсах санна, ненан меттан мехалаллех кхетар;

физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, эмоцин хьал а кхолларан:

- меттан дешаран процессехь кхин тІе (тІетоьхна) хаам лохуш, гонахехь (цу йуккъехь хаамийн а) могашаллин а, кхерамзаллин (шена а, кхечу адамашна а) а дахаран кепан бакъонаш ларйар;
- къамелехь ша гайта тарлун некъаш харжарехь а, къамелан этикетан а, тІекеренан бакъонийн а норманаш ларйарехь а гучудолу дегІан а, синІаткъаман а могашаллин тІалам бар;

къинхьегаман кхетош-кхиоран:

- адаман а, йукъараллин а дахарехь къинхьегаман маьІнах кхетар, къинхьегаман жамІаш жоьпаллин хьаште хьажор а, лардаран йукъаметтигаш а, къинхьегаман гІуллакхдаран тайп-тайпанчу кепашкахь дакъалацаран говзаллаш, исбаьхьаллин говзаршкара масалш дийцаре деш, тайп-тайпанчу корматаллашка кхоллалун шовкъ;

экологин кхетош-кхиоран:

- текстаща болх баран процессехь кхуллу Іалам Іалашдаран йукъаметтиг;
- цунна зен ден дараш цадезар;

Іилманан хаарийн мехаллаш:

- дуьненан Іилманехула долчу суьртах йуьхьанцара кхетамаш (цу йукъахь меттан системех, дийнна дуьненан Іилманехула долчу суьртан цхьана декъах санна, йуьхьанцара кхетамаш);
- довзаран хьашташ, жигаралла, дІадолорна тІера хилар, довзарехь хаа лаар а, шен лаамалла а, цуьнца цхьаьна ненан (нохчийн) мотт Іаморехь бовзаран хьашто а, и бовзарехь жигаралла а, шен лаамалла а.

МЕТАПРЕДМЕТАН ЖАМІАШ

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн мотт)» предмет Іаморан жамІехь дешархочун кхоллалур ду хІара дешаран универсальни **довзаран** дараш.

Коьрта маьІнийн дараш:

- тайп-тайпана меттан дакъош дуста (аьзнаш, дешнаш, предложенеш, тексташ), меттан дакъош дустархьама баххаш билгалдаха (къамелан дакъа хилар, грамматикин билгало, лексикин маьІна, и.д.кх.);
- меттан дакъойн тераллаш къасто;
- къастийнчу билгалонца объекташ (меттан дакъош) цхьаьнатоха;
- меттан дакъойн (аьзнийн, къамелан дакъойн, предложенийн, текстийн) классификаци йархьама ладаме билгало къасто; меттан дакъошна классификаци йан;
- хьехархочо йеллачу тергаман алгоритмаца меттан коьчалехь закономерносташ а, бІостаналла а каро (схьалаха); меттан дакъошца болх беш, дарийн алгоритмана анализ йан, меттан дакъойн анализ йарехь ша дешаран (Іамаран) гІуллакхаш къасто;
- билгалйинчу алгоритман буха тІехь дешаран а, практикин а хьесап кхочушдан оьшучу хааман тоаме цахилар гучудаккха, кхин тІе оьшучу хааман хьашт кепе дало;
- меттан коьчална тІехь тергамбаран хьелашкахь бахьанийн-тІаьхьалонийн уьйраш билгалйаха, жамІаш дан.

Коьрта талламан дараш:

- хьехархочун гІоьнца Іалашо кепе йало, меттан объектан, къамелан хьолан хийцамийн план хІотто;
- тІедиллар кхочушдаран масех кеп йуста, уггар йогІуш йерг харжа (йалийнчу критерийн буха тІехь);
- схьакховдийнчу планаца чолхе боцу лингвистикин мини-таллам дІабахьа, схьакховдийнчу планаца проектан тІедиллар кхочушдан;
- жамІаш кепе дало а, меттан коьчална тІехь бинчу тергаман (классификацин, дустаран, талламан) жамІийн буха тІехь уьш тешаллашца тІечІагІдан а; билгалйинчу меттан коьчалан анализан процессехь хьехархочун гІоьнца хаттарийн кепаш йало;
- процессийн а, хиламийн а, церан тІаьхьалонийн а и санначу йа терачу хьелашкахь хила тарлучу кхиаран прогноз йан.

Хаамца болх бар:

- хаам схьаэцаран хьоста харжа: боьху хаам схьаэцархьама, нисбархьама оьшу дошам;
- билгалдинчу хьостанехь (дошам тІехь, справочник тІехь) йеллачу алгоритмаца гучу кепахь балийна болу хаам схьалаха (каро);
- шенна йа хьехархочо и талла (дошамашна, справочникашна, Іаматашна тІе о хьожуш) схьакховдийначу некъаца бакъ болу а, бакъ боцу а хаам бовза;
- Интернет машанехь хаам (дешан йаздарх, аларх, дешан маьІнах, дешан схьадаларх, дешан синонимех) лохуш, баккхийчеран (хьехаран белхахойн, дайн-нанойн, законехь векалш болчеран) гІоьнца информационни кхерамзаллин бакъонаш ларйан;
- дешаран хьесапе хаьжжина, анализ йан а, кхолла а текстан, видеон-, графикин, озан хаам;
- таблицийн, схемийн кепахь билгалбинчу лингвистикин хаамах кхета; лингвистикин хаам бовзийтархьама ша схемаш, таблицаш кхолла.

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Іаморан жамІехь дешархочун кхоллалур ду хІара дешаран универсальни **коммуникативни** дараш.

ТІекере:

- хетарг тІеэца а, кепе дало а, бевзачарна йукъахь Іалашонашца а, тІекеренан хьелашца а цхьаьнайогІу эмоцеш гайта а;

- къамелхочуьнца лараме йукъаметтиг лело, диалог а, дискусси а дІайахьаран бакъонаш ларйан;
- хетарг тайп-тайпана хила тарлуш хиларх кхета;
- оьзда а, аргументаш йалош а шена хетарг дІаала;
- хІоттийнчу хьесапе хьаьжжина, къамелан алар хІотто;
- къамелан хьоле хьаьжжина, барта а, йозанан кепахь а тексташ (суртхІоттор, ойлайар, дийцар) кхолла;
- тергаман, мини-талламан, проектан тІедахкарийн жамІех а, шимма цхьаьна а, тобанашца а бинчу белхан жамІех а нахана гуш-хезаш дІадийца доцца къамел дар кечдан;
- къамел даран (выступленин) текстана иллюстрацин коьчал (дехкина суьрташ, даьхна суьрташ (фото), плакаташ) харжа.

Йуьхьанцарчу школехь Іаморан чаккхенгахь «Нохчийн мотт» предмет Іаморан жамІехь дешархочун кхуьур ду хІара дешаран универсальни **регулятивни** дараш.

Самоорганизаци:
- жамІе кхачархьама, дешаран хьесап кхочушдарехула дарийн план хІотто;
- хьаьржинчу дарийн хьалх-тІаьхьалла (рогІалла) хІотто.

Самоконтроль:
- дешаран гІуллакхдаран кхиаман/аьтто цабаларан бахьанаш къасто;
- къамелан а, нийсайаздаран а гІалаташ иэшорхьама, шен дешаран дараш нисдан;
- меттан дакъойх пайдаэцархьама, къасторхьама, характеристика йархьама хІоттийнчу дешаран (Іаморан) хьесапца гІуллакхдаран жамІ цхьаьнадало;
- маттехула йолчу коьчалца болх беш дина гІалат схьалаха, нийсайаздаран(орфографин) а, пунктуацин а гІалат схьалаха (каро);
- одноклассникийн гІуллакхдаран а, шен гІуллакхдаран а жамІаш дуста, йалийнчу критерешца церан нийса (объективно) мах хадо.

Цхьаьна гІуллакхдар:
- хьехархочо йеллачу планированин кепан, йукъан гІулчийн а, хенийн а дІанисйаран буха тІехь, стандартни (типовой) хьолехь, йоццачу хенан а, йеххачу хенан а Іалошонаш (йукъара хьесапашкахь дакъалацар тидаме о оьцуш, индивидуальни) кепе йало;
- цхьаьна гІуллакхдаран Іалашо тІеэца, цуьнга кхачаран дараш цхьаьна хІитто: ролаш дІасайекъа, бартбан, цхьаьна бечу белхан процесс а, жамІаш а дийцаре дан;
- куьйгалла дан, тІедиллинарг кхочушдан, аьллачун тІехь хила а кийча хилар гайта;
- белхан шен дакъа жоьпаллица кхочушдан;
- йукъарчу жамІехь ша лаьцначу декъан мах хадо;
- йеллачу (схьакховдийнчу) кепашна тІе а тевжаш, цхьаьна ден проектан тІедахкарш кхочушдан.

ПРЕДМЕТАН ЖАМІАШ

1-4 классашкахь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Іаморо аьтто бо:

– адамийн тІекеренан коьртачу гІирсах санна нохчийн маттах кхета, нохчийн мотт нохчийн халкъан синъоьздангаллин коьрта мехалла санна тІеэца;

– халкъан ламасташ а, культура а карайерзорехь а, чІагІйарехь а нохчийн меттан маьІнах кхета;

– ненан мотт бовзаран шовкъ а, и Іамо лаам а гайта;

– Россин Федерацин меттан а, культурин а цхьааллин а, тайп-тайпаналлин а шортенах, Россин халкъийн кхечу меттанашна йукъахь нохчийн меттан меттигах а йуьхьанцара

кхетамаш кхолла;

– нохчийн меттан фонетикех, лексикех, грамматикех, орфографех, пунктуацех йуьхьанцара хаамаш кхолла;

– къамелан гІуллакхдарехь карадерзийнчу хаарех пайдаэца хаар кхолла, къамелехь Іамийнчу лексикех пайдаэца, карайерзийнчу лексикех а, маттах долчу хаарех а пайда а оьцуш, барта аларш хІитто;

– къамелан этикетехула Іамийнчу кепех пайда а оьцуш, къамелан тІекеренехь дакъалаца;

– нохчийн маттахь къамелан гІуллакхдаран массо а тайпанаш (ладогІар, къамел дар, йешар, йоза) вовшахтоха а, кхио а, билгалйинчу темехула даккхий доцу дийцарш хІитто хаар кхолла.

КЛАССАШКАХУЛА ПРЕДМЕТАН ЖАМІАШ
1 КЛАСС

Дешархо Іемар ву:

- дош а, предложени а йовза (къасто); предложенешкара дешнаш схьакъасто;
- суьртийн а, схемийн а гІоьнца къамел маьІнин дакъошка (предложенешка) декъа;
- къамелехь нохчийн меттан гІиллакхе дешнех пайдаэца (маршалла хаттар– Іуьйре дика хуьлда! Суьйре дика хуьлда! Де дика хуьлда! Іодика йар – Іодика йойла! благодарность – Дела реза хуьлда! Баркалла! ...).
- нохчийн алфавитан оьрсийн алфавитаца йолу башхалла къасто;
- мукъа а, мукъаза а аьзнаш довза (къасто);
- зевне а, къора а мукъазнаш довза (къасто);
- «аз» а, «элп» а кхетамаш бовза (къасто);
- цхьана йа масех озаца къаьсташ долу дешнаш дуьхь-дуьхьал хІиттор: *лом, лам, кхор, кор, лу, ло*;
- *ккх, тт, лл, и.д.кх*. шала мукъазнаш деха цхьа аз санна схьаала;
- схемина тІе а тевжаш, къамелан аьзнашна характеристика йан;
- Іамош долу нохчийн меттан аьзнаш оьрсийн меттан аьзнашца дуста (соотносить);
- дашехь дешдакъойн барам билгалбаккха (къасто); дешнаш дешдакъошка декъа (атта дешнаш: мукъазчеран цхьаьнакхетарш доцу дешнаш);
- нохчийн абатан (алфавитан) элпийн цІераш нийса йаха; нохчийн абатан (алфавитан) элпийн рогІаллех долчу хаарех, кІеззигчу дешнийн къепйоза нисдеш, пайдаэца;
- талхор доцучу цІена къаьстачу хотІаца даккхий а, могІанан а элпаш, элпийн, дешнийн цхьаьнатохарш йаздан;
- Іамийнчу нийсайаздаран бакъонех пайдаэца: нохчийн меттан шатайпанчу элпийн *(аь, оь, уь, юь, яь, гІ, кІ, къ, кх, пІ, тІ, хІ, хь, цІ, чІ, І)* йаздар. *щ, ь, ы, ф, ё, е* элпашца долчу дешнийн йаздар;
- *е, ё, ю, я, й* элпийн гІуллакх (функциш) къастор;
- предложенехь дешнийн къаьстина йаздар; предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш: тІадам, хаттаран а, айдаран а хьаьркаш; предложенин йуьххьехь а, долахь цІерашкахь (цІерашкахь, фамилешкахь, дийнатийн цІерашкахь) а доккха элп; дош дешдакъошца (атта меттигаш: кху кепарчу дешдакъойх лаьтта дешнаш «мукъаза + мукъа») сехьадаккхар;
- дешнаш а, предложенеш а, 25 дашал сов барам боцу тексташ а нийса схьайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);
- нийсайаздар аларца ца къаьсташ долу дешнаш а, 3-5 дашах лаьтта предложенеш а, 20 дашал сов барам боцу тексташ а олуш дІайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);
- элпийн боцу графикин гІирсийн гІуллакхах кхетар: дешнашна йукъарчу кІайдарган, сехьадаккхаран хьаьркан;

- Іамийнчу бакъонашна долу гІалаташ, опискаш каро (схьалаха) а, нисйан а;
- йешначу текстах кхета;
- интонаци (иэшар) а, предложенин чаккхенгара сацаран хьаьркашца йогІу соцунгІаш а ларйеш, йоца тексташ хозуьйтуш а, дагахь а йеша (кхета а кхеташ);
- текстехь, маьІна нисдан оьшу дешнаш схьалаха;
- дешнийн кепийн гуламах предложени хІотто;
- кеп йохийна предложенеш меттахІитто;
- предложенин схемаш йеша, предложени а, цуьнан схема а йуста (соотносить), схемица а, билгалдинчу дешнашца а предложенеш хІитто;
- сюжетан суьрташкахула а, тергамашкахула а барта 3-5 предложенех лаьтта текст хІотто;
- нохчийн маттехула йолчу текстаскахь оьрсийн маттара тІеэцна дешнаш довза;
- дешаран хьесапаш кхочушдеш, Іамийнчу кхетамех пайдаэца.

2 КЛАСС

Дешархо Іемар ву:
- тІекеренан коьрта гІирс санна, мотт тІеэца;
- тергамах а, анализах а мотт бовзаран некъах санна пайдаэца;
- дашехь дешдакъойн барам билгалбаккха (къасто) (мукъазчеран цхьаьнакхетарш долчу дешнашкахь а цхьаьна); дош дешдакъошка декъа;
- *е, ё, ю, я* элпийн гІуллакх тидаме а оьцуш, аьзнийн а, элпийн а хІоттаман цхьаьнабар къасто*;*
- цхьанаораман дешнаш лаха (каро);
- дашехь орам билгалбаккха (атта меттигаш);
- текстехь дукха маьІнийн дешнех пайдаэцна меттигаш гучуйаха а, церан маьІнех кхета а, дешаран дошамашкахула маьІна нисдан а; синонимех а, антонимех (кхетамийн цІераш а ца йохуш) пайдаэцна меттигаш гучуйаха;
- долахь а, йукъара а цІердешнаш боху кхетамаш къасто (определять);
- *«мила?», «хІун?»* бохучу хаттаршна жоп лун дешнаш довза;
- *«хІун до?», «хІун дина?», «хІун дийр ду?»* бохучу хаттаршна жоп лун дешнаш довза;
- *«муха?», «хьенан?», «стенан?»* бохучу хаттаршна жоп лун дешнаш довза;
- Іаларан Іалашоне, эмоцин иэшаре хьаьжжина, предложенин тайпа къасто;
- Іамийнчу нийсайаздаран бакъонех пайдаэца, царна йукъахь: адамийн цІерашкахь, дайн цІерашкахь, фамилешкахь, дийнатийн цІерашкахь, меттигийн цІерашкахь доккха элп; дештІаьхенийн цІердешнашца къаьстина йазйар;
- дешнаш а, предложенеш а, 45 дашал сов барам боцу тексташ а нийса схьайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);
- Іамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, дешнаш, предложенеш, 40 дашал сов барам боцу тексташ а олуш дІайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);
- опискаш, Іамийнчу бакъонашна долу гІалаташ схьалаха а, нисдан а;
- Іаматан дошамех пайдаэца;
- нийсааларан (орфоэпин) норманаш, нийса интонаци (эшар) лар а йеш, барта диалоган а, монологан а аларш (билгалйинчу темина, тергамийн бух тІехь 2-4 предложени) хІитто;
- суьртан репродукцихула барта дийцар хІотто;
- йешначун (хезначун) буха тІехь барта а, йозанан кепахь а (1-2 предложени) цхьалхечу жамІийн кеп кхолла;
- хаттаршца царна йукъара маьІнийн уьйр а къастош, дешнех предложенеш хІитто;
- декъалдарийн билгалдинчу масалийн анализ дІайахьарехь декъалваран жанран башхаллаш йийцаре йан, текстийн-декъалдарийн хІоттаман анализ йан;
- текстан тема билгалйаккха а, текстана цуьнан тема гойту цІе тилла а;
- уьйр йоцчу предложенех, текстан дакъойх текст хІотто;

- хаттаршна тIе а тевжаш, 30-45 дешнийн барамехь дийцаран текстан ма-йарра схьайийцар дIайаздан;
- шен дешнашца Iамийнчу кхетамийн маьIнех кхето; Iамийнчу кхетамех пайдаэца.

3 КЛАСС

Дешархо Iемар ву:

- къоман тIекеренан мотт санна нохчийн меттан маьIнах кхето;
- лингвистикин экспериментах мотт бовзаран некъах санна пайдаэца;
- билгалйинчу параметрашца дашехь а, дашехь доцуш а аьзнийн характеристика йан, дустар кхочушдан, классификаци йан.
- дешан аьзнийн-элпийн анализ йан (транскрипци ца йеш);
- цхьанаораман дешнаш а, цхьана дешан кепаш а къасто; цхьанаораман дешнаш а, синонимаш а къасто;
- билггал къасталучу морфемашца долчу дешнашкахь чаккхе, орам, дешхьалхе, суффикс схьалаха (каро);
- синонимех а, антонимех а пайдаэцна меттигаш гучуйаха; тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнашна синонимаш а, антонимаш а йало;
- нийсачу а, тIедеанчу а маьIнехь далийна дешнаш (атта дешнаш) довза;
- текстехь дешан маьIна къасто;
- къамелехь а, йозанехь а *-р, -хо, -ча* суффиксашца долчу дешнех пайдаэца;
- хьастаран-жимдаран суффиксийн гIоьнца дешнаш кхолла *(цIа-цIелиг, кема-кемалг…);*
- цIердешнаш довза; цIердешнийн грамматикин билгалонаш къасто: класс, терахь, дожар;
- билгалдешнаш довза; билгалдешнийн грамматикин билгалонаш къасто: класс, терахь, дожар;
- лааме а, лаамаза а билгалдешнаш къасто;
- цхьаллин йа дукхаллин терахьан бен кеп йоцу цIердешнаш къасто (довза);
- хандешнаш довза; *«хIун дан?»* бохучу хаттарна жоп лун хандешнаш къасто; хандешнийн хан билгалйаккха;
- йаххьийн цIерметдешнаш (йуьхьанцарчу кепехь) довза; йаххьийн цIерметдешнех, текстехь ца оьшу йух-йуха аларш дIадахархьама, пайдаэца;
- дештIаьхьенаш а, дешхьалхенаш а къасто;
- аларан Iалашоне а, эмоцин иэшаре а хьаьжжина, предложенин тайпа къасто;
- предложенин коьрта а, коьртаза (тайпанашка а ца йоькъуш) меженаш лаха;
- йаьржина а, йаьржаза а предложенеш йовза;
- дешнаш, предложенеш, 60 дашал сов барам боцу тексташ нийса схьайазйан;
- Iамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, 55 дашал сов барам боцу тексташ олуш дIайазйан;
- опискаш а, Iамийнчу бакъонашна долу гIалаташ а лаха, нисдан;
- тайп-тайпанчу тайпанийн текстех кхета, текстехь балийна (белла) хаам схьалаха;
- бешначу (хезначу) хааман буха тIехь барта а, йозанехь а (1-2 предложени) цхьалхечу жамIийн кеп кхолла;
- нийсааларан (орфоэпин) норманаш, нийса интонаци (иэшар) лар а йеш, барта диалоган а, монологан а аларш (билгалйинчу темина, тергамийн буха тIехь 3-5 предложенех) хIитто; къамелан этикетан норманех пайда а оьцуш, шайца кхайкхар, дехар, бехк цабиллар, баркалла алар, духатохар долу йаккхий йоцу барта а, йозанан а тексташ (2-4 предложени) кхолла;
- текстехь предложенийн уьйр къасто (***а*** хуттурган гIоьнца);
- текстехь коьрта дешнаш къасто;
- текстан тема а, текстан коьрта ойла а билгалйаккха;
- текстан дакъош (абзацаш) билгалдаха а, коьртачу дешнийн йа предложенийн гIоьнца

церан маьІнийн чулацам гайта а;
- текстан план хІотто, цунна тІоьхула текст кхолла а, текст нисйан а;
- йеллачу, массара цхьаьна йа ша хІоттийнчу планаца ма-дарра схьадийцар дІайаздан;
- шен дешнашца Іамийнчу кхетамийн маьІнех кхето; Іамийнчу кхетамех пайдаэца;
- дошаман гІоьнца дешан маьІна нисдан;
- мини-таллам дІабахьа, проектан гІуллакхдарехь дакъалаца.

4 КЛАСС

Дешархо Іемар ву:

- Россин Федерацин махкахь меттан а, культурин а тайп-тайпаналлех кхета, мотт халкъан син-оьздангаллин коьртачу мехаллех цхьаъ хилар тІеэца;
- тІекеренан коьртачу гІирсах санна, меттан маьІнах кхета; Нохчийн республикин пачхьалкхан а, къоман тІекеренан а мотт санна, нохчийн меттан меттигах кхета;
- нийса барта а, йозанан а къамел адаман оьздангаллин йукъара гайтам санна тІеэца;
- деллачу дешнашна синонимаш йало; деллачу дешнашна антонимаш йало;
- къамелехь маьІна нисдан оьшу дешнаш гучудаха, контекстехула дешан маьІна къасто;
- атта схьакъасталучу морфемашца долчу дешнийн хІоттамехула таллам бан; дешан хІоттаман схема хІотто; дешан хІоттам йеллачу схемица цхьаьнабало;
- карайерзийнчу грамматикин билгалонийн комплексца (Іамийнчун барамехь), дош билггалчу къамелан декъан хилар къасто;
- цІердешнийн грамматикин билгалонаш къасто: легар, класс, терахь, дожар;
- билгалдешнийн грамматикин билгалонаш къасто: терахь, дожар, кеп (*лааме, лаамаза*);
- билгалдешнаш дожарца лего;
- терахьдешнаш довза а, царах пайдаэца а, масаллин а, рогІаллин а терахьдешнаш къасто;
- хандешан билгалза кеп къасто (схьалаха); хандешан хан къасто;
- йуьхьан цІерметдешан йуьхьанцарчу кепан грамматикин билгалонаш къасто: йуьхь, терахь; йаххьийн цІерметдешнех, текстехь ца оьшу йух-йуха аларш дІадахархьама, пайдаэца;
- дош, дешнийн цхьаьнакхетар, предложени къасто (йовза);
- аларан Іалашоне а, эмоцин иэшаре а хьаьжжина а, предложенийн классификаци йан;
- йаьржина а, йаьржаза а предложенеш йовза;
- цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш йовза; цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш хІитто; цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенех къамелехь пайдаэца;
- цхьалхе йаьржина предложенеш а, шина цхьалхечу предложенех лаьтта чолхе предложенеш а дІасакъасто; цхьалхечу предложенина синтаксисан таллам бан;
- Іамийнчу нийсайаздаран бакъонех пайдаэца, царна йукъахь: долахь цІерашкахь доккха элп; йукъарчу цІерашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)* элпаш; тІеэцначу (йукъарчу) дешнашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а *я, ю, е (ё)* элпаш; долахь цІерашкахь *я, яь, ю, юь, е (ё)*, тІеэцначу (долахь цІерашкахь) *я, ю, е (ё)* элпаш; мукъаза элпаш *(къ, кІ, кх, гІ и т.д.)*; *-эв,-аьв,-ев* йаздаран бакъонаш; оьрсийн маттера а, оьрсийн маттехула а тІеэцначу дешнашкахь *щ, ь, ы, ф* элпаш йаздар; мукъа аьзнаш [*и*], [*уь*] деха хилар гойтуш, *й* элп йаздар; йеха а, йоца дифтонгаш *иэ, уо*; чаккхенгахь *-г, -к* элпаш долчу цІердешнашкахь ***а*** и ***и*** элпаш; дешан чаккхенгахь шала мукъаза элпаш; нохчийн меттан шалха мукъаза элпаш; дешан чаккхенгахь ***н***; цІердешнашца а, йаххьийн цІерметдешнашца а дештІаьхьенийн къаьстина йазйар; *ца, ма* дакъалгийн хандешнашца къаьстина йаздар; *й, ъ, ь* долчу дешнийн сехьадаккхар; шала мукъазчу элпашца долчу дешнийн сехьадаккхар; шалхачу мукъазчу элпашца долчу дешнийн сехьадаккхар; дукхаллин терахьан цІердешнийн чаккхенаш; дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а *(ца, ма, а)* йазйар; *а* хуттурго а, хуттургаш йоцуш а цхьаьнатоьхначу цхьанатайпанара

меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш; шина цхьалхечу предложенех лаьттачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш;

- 80 дашал сов барам боцу тексташ нийса схьайазйан;
- Іамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, 75 дашал сов барам боцу тексташ олуш дІайазйан;
- опискаш, Іамийнчу бакъонашна орфографин а, пунктуацин а гІалаташ схьалаха а, нисдан а;
- тІекеренан хьолах кхета (муьлхачу Іалашонца, хьаьнца, мичахь хуьлуш йу тІекере); тІекеренан хьолахь нийса (адекватни) меттан гІирсаш харжа;
- нийса интонаци, къамелан зІе хиларан норманаш, орфоэпин норманаш ларйеш, барта диалоган а, монологан а аларш (4-6 предложени) хІитто;
- барта а, йозанан кепахь (йозанан тІекеренан билгалчу хьолана лерина (кехаташ, декъалваран открыткаш, дІакхайкхорш (объявленеш), и.д.кх.) а, йаккхий йоцу тексташ (3-5 предложенех) кхолла;
- текстан тема а, коьрта ойла а къасто; темина йа коьртачу ойланна тІе а тевжаш, текстана ша цІе тилла;
- предложенийн а, текстан дакъойн а къеп нисйан;
- йеллачу тексташ на план хІотто;
- текст ма-йарра схьайийцар кхочушдан (барта а, йозанан кепахь а);
- текст хоржуш (йукъ-йукъара) схьайийцар кхочушдан (барта);
- билгалйинчу теманашца сочиненеш йазйан (хьалхе кечам биначул тІаьхьа);
- довзийтаран, талламан йешар, хаам лахар кхочушдан; бешначу (хезначу) хааман буха тІехь барта а, йозанан кепехь а цхьалхечу жамІийн кепаш йало; текстехь йолчу хааман интерпретаци йан а, жамІаш дан а;
- шен дешнашца Іамийнчу кхетамийн маьІна даста; Іамийнчу кхетамех пайдаэца;
- дошаман (кехатан а, электронан а носитель тІехь) гІоьнца, тІаьхьа хьожучу чуваларан хьелашкахь Интернет чохь дешан маьІна нисдан.

Тематикин планировани

Белхан программа хIоттош, тематикин планированехь тидаме эцна хила йеза дешаран-методикин коьчалш ларалуш йолчу ЭОР-х пайдацаран таронаш.

1 класс (99 сахьт)

№ п/п	Дакъа	Чулацам	Іамор вовшахтохаран некъаш а, кепаш а. Дешархойн гІуллакхдаран характеристика
Йоза-дешар Іамор – 55 с.			
1.	**Къамел кхиор (10 сахьт[1])**	Гайтаме-васте моделийн гІоьнца къамелах болу йуьхьанцара кхетам. Къамел суьртийн а, схемийн а гІоьнца маьІнийн дакъошка (предложенешка) декъар. Текстах болу йуьхьанцара кхетам. Хозуьйтуш ша йоьшуш а, ладугІуш а текстах кхетар. ХІума а, цуьнан цІе йоккху дош а. (Мила?), (хІун?) бохучу хаттаршна жоьпаш лун дешнаш. ХІуманийн дараш гойту дешнаш. Дашах а, предложенех а йукъара кхетам. Іаморан диалогехь дакъалацар. Билгалйаьхначу теманашна а, хьелашна а йуьхьанцара диалог хІоттор. Сюжетан суьртех а, шайн ловзарех а, занятех а, тергамех а дийцаран кепехь кегий дийцарш хІиттор. Къамелан гІиллакхаш. Нохчийн меттан гІиллакхе дешнаш (маршалла хаттар– *Іуьйре дика хуьлда! Суьйре дика хуьлда! Де дика хуьлда! Іодика йар – Іодика йойла! благодарность – Дела реза хуьлда! Баркалла! ...).* Хаттаран предложенин интонаци (йиш). Нохчийн маттехула йолчу текстaшкахь оьрсийн маттара тІеэцна дешнаш довзар.	Хьехархочун къамел тІеэцар. Къамелан аьзнаш довзар. Аьзнаш, дешнаш, цхьалхе предложенеш йухаалар (хьехархочунна тІаьххье). Хьалх-тІаьхьалла нийса йолчу сюжетан суьрташца болх бар: суьрташ тІехь гайтинчу хиламийн анализ, сюжет йийцаре йар, суьрташна тІе а тевжаш, барта дийцар хІоттор. Хьалх-тІаьхьалла нийса йоцчу (талхийна йолчу) сюжетан суьрташца болх бар: суьрташ тІехь гайтинчу хиламийн анализ, хиламийн хьалх-тІаьхьалла нисйар, хиламийн хьалх-тІаьхьалла нисйинчу сюжетан суьрташна тІехула барта дийцар хІоттор. ХІума а, цуьнан цІе йоккхуш долу дош а довзар. Мила? ХІун? бохучу хатаршна жоп луш долу дешнаш довзар. Ши хІума йа дуккха а йолу хІуманаш а, церан цІе йоккху дешнаш а довзар. ХІуманаш а, дараш а довзар а, цаьрца догІу дешнаш цхьаьнадалор (соотнесение) а. ХІуманийн а, церан цІераш йохучу дешнийн а тобанаш йар. Тобанаш йаран билгало къастор, тобанера совнаха элемент (хІума йа дош) дІайаккхар. Графикин хаамца болх бар. Дош а, предложени а йовзар. Тексте ладогІар, ладугІучу хенахь текстах кхетар. Билгалйинчу схемица предложенеш хІиттор (барта). 2-3 предложенех йолу текст хІоттор (барта).

[1] Выделенное количество учебных часов на изучение разделов носит рекомендательный характер и может быть скорректировано для обеспечения возможности реализации дифференциации содержания с учётом уровня готовности первоклассников

			Хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар. Билгалйинчу моделаца диалогаш хIиттор. Дийцаран кепехь даккхий доцу дийцарш хIиторехь цхьаьна болх бар (масала, школера дахарх лаьцна дийцар, и.д.кх.). Ша бен болх: тIетовжаран дешнашца доцца дийцар хIотор. Этикетан кепех (*Іуьйре дика хуьлда! Де дика хуьлда! Іодика йойла! Дела реза хуьлда! Баркалла! и.дІ.кх.)* пайда а оьцуш, дешаран диалог хIоттор.
2.	**Дош а, предложени а (4 сахьт)**	Дешан маьIнин тергам. Гергара а, дуьхьалара а маьIна долу дешнаш. Уьйр лелорехь дешан меттиг а, цуьнан гIуллакх а. Къамелехь хIуманаш, хIуманийн билгалонаш, дараш билгалдечу дешнех нийса пайдаэцар. Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а. ХIума (объект) йовзар санна дош тIеэцар. Дешан маьIнина тIехь тергам. Дош а, цо билгалйо хIума а йовзар (къастар). Дош а, предложени а йовзар. Предложеница болх бар: дешнаш билгалдахар, церан хьалх-тIаьхьалла (рогIалла) хийцар. Предложенин йозанан кеп йалор. Тайп-тайпанчу эшарца (интонацица) предложенеш дIайешар. Интонированин (иэшарца йешаран) хаарш шардар. Текстера предложенийн барам билгалбар. Диалог. 1-на тIера 10-на тIекхаччалц дагардар.	Хьехархочо/дешархоша йоьшу говзар (дийцар) хазарца тIеэцар. Дешдакъошца, тIаьхьа (хIораннан амалца йогIучу йешаран чехкаллица) дийнна дешнашца а, шера йешар. Дешнаш дешдакъошка декъар, дешнашкахь дешдакъойн барам къастор.Дашехь аьзнийн хьалх-тIаьхьалла къастор. Текстера аларехула а, йешаран техникехула а хала долу дешнаш дешар.Текстан анализ: йешначу текстехула хIиттийнчу хаттаршна жоьпаш далар, текстехь оьшу хаам схьакарор. Говзаран чулацам цIарца бустар (соотнесение). Шен жоьпаш одноклассникийн жоьпашца дустар, йешначу говзаран хьокъехь шен а, кхечуьнан а аларан мах хадор. Иллюстраци а, говзаран чулацам а дуьх-дуьхьал хIоттор. Цхьаьна бен болх: билгалдинчу дашца предложени йалор. Ловзаран кепехь шардар «Лайн мижарг»: цхьацца дош тIе а тухуш (по цепочке), предложенеш йаржор.Ловзар «Дийна дешнаш» (дешархоша предложенера дешнийн роль ловзайо, предложенехь дешнийн меттиг хуьйцу, нисделларг дIадоьшу).
3.	**Фонетика (12 сахьт)**	Къамелан аьзнаш. Дешан аьзнийн хIоттаман а, цуьнан маьIнийн а цхьаалла. Дашехь долчу аьзнийн хьалх-тIаьхьалла а, аьзнийн барам а къастор. Схемина тIе а тевжаш, къамелан аьзнийн характеристика йар. Нохчийн меттан аьзнаш оьрсийн меттан аьзнашца дустар. «*К*» элпаца билгалде аьзнаш. Цхьана йа масех озаца къаьсташ долу дешнаш дуьхь-дуьхьал хIиттор: *лом, лам, кхор, кор, лу, ло.*	Схемина тIе а тевжаш, къамелан аьзнийн характеристика йар. Аьзнийн а, элпийн а бараман базар (соотношение). Аларе а, декаре а хьаьжжина, нохчийн меттан мукъачу, мукъазчу аьзнийн артикуляци. Мукъачу а, мукъазчу а аьзнийн характеристика. Мукъа а, мукъаза а аьзнаш билгалден элпийн башхалла (различие). Дешнийн аларехь аьзнаш билгалдар. Хьалхарчу/тIаьхьарчу озаца дешнйин классификаци йар.

		Дешан аьзнийн анализ, аьзнийн моделашца болх бар: дешан аьзнийн хIоттаман модель йиллар, билгалйинчу моделаца догIу дешнаш далор. Мукъа, мукъаза аьзнаш а, зевне, къора мукъаза аьзнаш а довзар (къастар). Нохчийн меттан ша-тайпа аьзнаш: *кх, къ, кI, аь, оь, уь, юь, яь, хь, гI, пI, тI, хI, цI, чI, I.* Дешдакъа аларан уггаре жима дакъа санна. Дешнаш дешдакъошка декъар. Дашехь дешдакъойн барам. Дешнаш дешдакъошца дешар. Нохчийн меттан аьзнаш. Абат (алфавит). Нохчийн алфавитан оьрсийн алфавитах къастар.	Таблицина тIе а тевжаш, билгалдинчу аьзнийн характеристика йар. Цхьана озаца къаьсташ долу дешнаш дуьхь-дуьхьал хIиттор. Билгалдинчу озаца дош харжар. Iамош долу нохчийн меттан аьзнаш оьрсийн меттан аьзнашца дустар. Нохчийн меттан ша-тайпанчу аьзнийн дифференциаци йар. Ша-тайпа мукъазчу *кх, къ, кI, аь, оь, уь, юь, яь, хь, гI, пI, тI, хI, цI, чI, I* аьзнийн алар. Долахьчу цIерашкахь аьзнийн а, элпийн а бараман богIуш хилар. Шимма цхьаьна болх беш, алфавитан къепехь элпаш дIанисдар. Нохчийн меттан алфавитан оьрсийн алфавитах къастар. Ловзаран кепехь шардар: «Суна тIаьхьара ала» (аьзнашка ладогIар а, карладахар а). Мукъа а, мукъаза а аьзнаш довзар (къастор). Дешан модель хIоттор.
4.	**Графика («Дешар» декъаца цхьаьна Iамош йу)**	Аз а, элп а довзар (къастар): элп аз билгалден хьаьрк санна. Доккха а, могIанан а элп. Нохчийн меттан элпаш. Абат (алфавит). Нохчийн алфавитан оьрсийн алфавитах къастар. Нохчийн графикийн дешдакъойн принцип. Нохчийн меттан шина хьаьркаца билгалдо ша-тайпа мукъа *(аь, уь, оь)* а, мукъаза (*гI, кх, къ, кI, пI, тI, хI, хь, цI, чI*) а аьзнаш. Нохчийн меттан элп *I*. Дешнийн аьзнийн-элпийн анализ. *Е, ё, ю, я, й* элпийн гIуллакх. Адамийн фамилешкахь а, цIерашкахь а, дийнатийн а, гIалийн, йартийн, урамийн цIерашкахь а доккха элп е*, ё, я, яь, ю, юь* йаздар. Нохчийн алфавитехь элпийн хьалх-тIаьхьалла. Нохчийн меттан элпаш. Доккха а, могIанан а элп. Абат (алфавит). Нохчийн алфавитан оьрсийн алфавитах къастар.	Алфавитан къепехь дешнаш билгалдахар. Iамийнчу элпашца долу дешнаш дешар. Шардар: «Аз элпаца билгалде». Билгалдинчу озаца долу дешнаш харжар. Йазден а, тайп-тайпана аьзнаш билгалден а элпийн тоба йар. Шалхачу элпашца долу дешнаш дIайаздар. Аьзнаш аларна а, довзарна а тIехь массара цхьаьна бен болх. Нохчийн алфавитан элпаш бIаьран (визуальное) довзийтар. Даккхийчу а, кегийчу а элпийн дифференциаци. Йаздина элп хьехархочо йеллачу кепаца догIуш хилар билгалдар. Ловзаран процессехь элпаш довзар. Тобанашкахь болх: шалхачу элпашца долу дешнаш тобанашка дерзор *(аь, оь, гI, чI, къ…).* Ша бен болх: алфавитан рогIаллехь дешнаш дIайаздар. Алфавитах, нохчийн алфавитан элпийн рогIаллех долчу хаарех а лаьцна хьехархочун дийцар. Ловзаран кепехь шардар: «Алфавит кхидIа дIахьо (йийца)». Шимма цхьаьна бен болх: дешнаш алфавитан къепе далорехь гIалаташ къастор.

5.	**Йешар** **(29 сахьт)**	Дешдакъошца йешар (мукъа аз билгалдечу элпе хьаьжжина). Дешдакъошца шера а, индивидуальни темпаца йогIучу сихаллица дийнна дешнашца а йешар. Сацаран хьаьркашца йогIучу соцунгIашца а, интонацица (иэшарца) а йешар. Дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш, йаккхий йоцу тексташ кхеташ йешар. Йаккхий йоцчу прозин текстийн а, стихотворенийн а исбаьхьаллин йешар. Хьехархочун хаттаршна тIетевжаш а, шеггара а текст схьайийцар. Нийсааларан (орфоэпин) йешар (дийнна дешнаш деша дуьйлалуш). Нийсайаздаран (орфографин) йешар (проговаривание), дIайоьшуш йазйарехь а, схьайазйарехь а ша шен таллам (самоконтроль) баран гIирс санна.	Дешдакъош, дешнаш, предложенеш йешаран говзалла кхиор. Дешнаш (схьа)аларан процессехь аьзнаш къастор. Хьехархочо билгайаьккхина дашехь аз билгалдаран иэшаран кеп йухаметтахIоттор. Шардар: дешна дешдакъа, шен цIарехь и дешдакъа долчу суьртаца цхьаьнадалор. Шардар: билгалдинчу элпашца дешдакъош кхоллар: *а, аь, оь, у, уь…* Шимма цхьаьна бен болх: мукъазчу элпаца керла дешдакъош кхолла: *кх, къ, хI, чI…* Билгалдина дешдакъош цхьатеррачу дешдекъаца тIедуза, масала: *…ми (лами), …маз (ламаз), …зар (лазар), и.дI.кх.* ТIедожоран, хаттаран, дийцаран, айдаран иэшарца предложенеш алар. Ловзаран кепехь шардар: «Чекхйаккха предложени», предложенин коьртачу ойланна тIе а тевжаш, йешна чекхйахаза йолу предложенеш чекхйаха хаар шардар. Йешаран шина тайпанан механаллех хьехархочун дийцар: нийсайаздаран а, нийсааларан (орфоэпин) а; оцу шина тайпанан йешаран Iалашонех а. Йаздина ма-дарра (нийсайаздаран йешар) дешнаш алар.
6.	**Йоза** **(29 сахьт)**	Йоза Iамор а, каллиграфин говзалла кхоллар а. Йоза кхочушдечу хенахь, ларбан оьшу уьнахцIоналлин лехамаш бовзийтар. Куьйган пIелгаш лелоран жигаралла (мелкая моторика) а, паргIат куьг лелор а кхиор. Тетрадь тIехь кехатан агIонан шортонехь а, классан уьнан шортонехь а ориентаци йан хаар кхиор. Йозанан даккхий а, могIанан а элпаш дIайаздар карадерзор. ЦIена а, къаьсташ долчу а хотIаца йаздар. ДIадоьшуш дешнаш а, предложенеш а йазйар. Текст нийса схьайазйаран приемаш а, хьалха-тIаьхьалла а.	Йозанехь уьнахцIоналлин бакъонаш ларйар. Даккхий, кегий элпаш, элпийн цхьаьнакхетарш, дешдакъош, дешнаш йаздаран говзалла кхиор. Йозанан доккха а, жима а элп диллар карадерзор. Элпийн боцчу графикин гIирсийн гIуллакхах кхетар – дешнашна йукъахь кIайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк. Предложенийн йуьххьехь а, долахь цIераш йазйарехь а доккхачу элпах нийса пайдаэцар. Зорбанан а, йозанан а тексташ тIера дешнаш а, йаккхий йоцу предложенеш а схьайазйар. Йазйинчу предложенийн нийса кечйаран мах хадор (предложенин йуьххьехь доккха элп, чаккхенгахь тIадам). Дешнаш а, предложенеш а, 25 дашал сов барам боцу тексташ а нийса схьайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош);

		Элпийн боцу графикин гIирсийн гIуллакхах кхетар: дешнашна йукъарчу кIайдарган, сехьадаккхаран хьаьркан.	Нийсайаздар аларца ца къаьсташ долу дешнаш а, 3-5 дашах лаьтта предложенеш а, 20 дашал сов барам боцу тексташ а олуш дIайазйан (йукъахдитарш а доцуш, элпаш а ца талхош); Элпийн модель хIоттор (кехат, картон, пластилин) Шардар: Элп нийса ала *(к, къ, кI, кх…).* Шардар: шина-кхаа дашах лаьташ йолу предложенеш олуш дIайазйар, масала: *Лала илли ала. Нана хи мала.* Шимма цхьаьна бен болх: зорбанан а, йозанан а шрифтаца йаздина долу цхьа дешнаш вовшашца дустар. Шардар: зорбанан кепехь йаздина дешнаш йозанан кепехь дIайаздар.
7.	**Орфографи а, пунктуаци а («Йоза» декъаца цхьаьна Iамош йу)**	Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешнаш къаьстина йаздар; предложенин йуьххьехь а, долахь цIерашкахь а (адамийн цIерашкахь, дийнатийн, гIалийн, йартийн, урамийн а цIерашкахь) а доккха элп йаздар; адамийн цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь а *я, яь, ю, юь, е, ё* элпийн а, долахьчу цIерашкахь а, тIеэцначу дешнашкахь а *я, ю, е, ё* элпийн а нийсайаздар; нохчийн меттан шалхачу мукъазчу элпийн (*хь,кх,цI, къ, пI,...)* нийсайаздар; *ю, ы, ф, я, щ* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; мукъазчу аьзнийн цхьаьнакхетарш доццчу дешдакъошца долу дешнаш сехьадахар; предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш.	Шардар: предложенин йуьхь а, чаккхе а нийса кечйарца а, дешнашна йукъара кIайдаргаш ларйарца а дешнийн гуламах хIоттийна предложени дIайазйар. Доккхачу элпах пайдаэцаран меттигех тIедоьжначу кепехь кхета а веш, комментарешца предложенеш дIайазйар. Доккхачу элпах пайдаэцаран меттигех кхетош комментари йеш предложенеш д1аязйар. Ловзар «Дукха хьан?»: билгалдинчу элпана долахь цIераш лахар (йалор) а, дIайазйар а. Практикин болх: Iамийнчу нийсайаздаран норманаш ма-бохху, текстан олуш дIайазйар.
8.	**Маттах болу йукъара хаамаш (1 сахьт, кхидIа курсан массо декъехь Iамош ду)**	Мотт адамийн уьйр лелоран коьрта гIирс санна. Уьйр лелоран Iалашонаш а, хьелаш а.	«Мотт – адамийн уьйран мехала гIирс» темина хьехархочун дийцар. Мотт адамийн уьйран, хаамийн, зIенийн гIирс хиларан йукъара кхетам. Тексташа, суьрташца бечу балхахула барта а, йозанан кепехь а тIекере лелор. Кхолларалин тIедиллар: йозанан къамелах пайдаэца оьшу хьал гайтар.
9.	**Фонетика (3 сахьт)**	Къамелан аьзнаш. Мукъа, мукъаза аьзнаш а, уьш довзар а. Зевне, къора мукъаза аьзнаш а, уьш довзар а. Нохчийн меттан ша-тайпа аьзнаш.	Аьзнийн, элпийн йукъара башхаллин сурт хIоттор. Олучу дешнашкахь аьзнаш билгалдар, артикуляцина тIе тидам бохуьйтуш, аьзнаш алар.Дешнийн аьзнийн моделаш хIиттор.

		Дешдакъа. Дашехь дешдакъойн барам. Дешнаш дешдакъошка декъар (мукъазчу аьзнийн цхьаьнакхетарш доцу атта дешнаш).	Дешан аьзнийн а, элпийн а билгалдар (обозначение) дустар. Мукъачу а, мукъазчу а аьзнийн къастар а, царна йукъара башхалла (разница) а.Нохчийн меттан ша-тайпа мукъа а, мукъаза а аьзнаш дагардар.Мукъий, мукъазий аьзнаш билгалден мукъачу а, мукъазчу а аьзнийн а, элпийн а маьІна къастаран меттигна тІехь тергам. *е, ё, ю, я* элпийн маьІна билгалдаккхар. ТІеэцначу дешнашкахь бен лелаш доццу элпийн (*ё, я, ю, ы, ф, щ*) алар (воспроизведение). «Нохчийн меттан аьзнех лаьцна вайна хІун хаьа?» темина къамел, йоза-дешар Іаморехь долу хаарш карладахар. Дешан схема хІоттор. Ловзаран кепехь шардар «Билгалдинчу озана дош даладе»: (***Дада, худар, бода, бад*).**
10.	**Графика (3 сахьт)**	Аз а, элп а. Аьзнаш а, элпаш а довзар. Нохчийн меттан ша-тайпа (шалха) элпаш. ТІеэцначу дешнашкахь бен пайда ца оьцу *е, ё, ю, я* элпаш. Адамийн цІерашкахь, фамилешкахь, дайн цІерашкахь а, дийнатийн цІерашкахь а доккха элп. Нохчийн абат (алфавит): элпийн цІераш, церан хьалх-тІаьхьалла. Дешнийн къепйоза рогІаллехь нисдархьама, абатах пайдаэцар. Элпийн боцу графикин гІирсаш: дешнашна йукъара кІайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк.	Долахь цІераш доккхачу элпаца йазйар. Долахьчу цІерех пайда а оьцуш, шимма цхьаьна предложенеш хІиттор. Дешнийн аьзнийн-элпийн хІоттаман моделаш хІиттор. Дешаран диалог «Дешнийн аьзнийн а, элпийн а хІоттам бустар». Шардар: дашехь маса дешдакъа ду билгалдар, дош дешдакъошка декъаран бакъонах кхетор. *е, ё, ю, я* элпийн маьІна билгалдаккхар. ТІеэцначу дешнашкахь бен лелаш доццу элпийн *(ф, ё, ю, ы, щ)* цІе йаккхар, алар. Ловзаран кепехь шардар: «Дашах лаьцна дика хьан дуьйцур дара?», шардар кхочушдарехь, аьзнаш элпашца билгалдарх; дешан аьзнийн а, элпийн а хІоттамах барта къамелан алар хІотто хаар карадерзадо. Шардар: Дешнашкахь йукъахдитина элпаш йукъахІиттор.
11.	**Орфоэпи (курсан массо декъехь Іамош йу)**	Аьзнаш а, аьзнийн цхьаьнадараш а алар: шала мукъаза *ккх, тт, лл, и.д.кх.*	Дешнашкахь йукъахдитина элпаш хІиттор. Шалха элпаш *ккх, тт, лл и.дІ.кх.* дехха, цхьа аз санна, алар. Билгалдинчу элпан меттиг алфавитехь билгалйаккхар. Шардар: предложенехь дош нийса дІадеша, масала: Арахь *догІа ду. НеІаран догІа ду.*
12.	**Лексика а, морфологи а (6 сахьт)**	Дош меттан дакъа санна (довзийтар). Дош хІуманан, хІуманан билгалонан, хІуманан даран цІе санна (довзийтар).	Дешаран диалог: Муьлхачу хаттаршна жоп дала тарло дешнаша? ХІума а, хІуманан билгало а, дар а гойту дешнаш (*мила? хІун? хІун дина? и.д.кх.)* хаттаршкахула къастор.

		Синонимаш а, антонимаш а (йукъара кхетам, терминаш а ца йалош).	Шардар: предложенешкахь тера, дуьхьал маьІна долу дешнаш карор а, кхин тІе лахар а *(йоккха-жима, лекха-лоха).* Шардар: *мила?* бохучу хаттарна жоп лун, адам билгалден а, *хІун?* бохучу хаттарна жоп лун, адам доцург билгалден а, дешнаш текстехь харжар. Шимма цхьаьна бен болх: хІуманан цІе суьртаца цхьаьнайалор (*кхор, Іаж…);* дийнатийн цІераш церан суьрташца цхьаьнайалор (*цициг, жІаьла…*), и.дІ.кх. Бос билгалбен цІе а, бос (бесан сурт) а цхьаьнабалор. Шимма цхьаьна бен болх: кху тайпа «*хІума + хІуманан билгало»* дешнаш цхьаьнадалор.
13.	**Синтаксис (3 сахьт)**	Дешнийн цхьаьнакхетар (довзийтар). Предложени меттан дакъа санна (довзийтар). Предложенин схема. Предложенин схема йешар. Предложени а, цуьнан схема а йустар (соотнесение). Схемехула а, билгалдинчу дешнашкахула а предложенеш хІиттор. Предложенехь дешнийн къепе. Предложени дІайазйаран бакъонаш. МаьІнийн хаттарийн гІоьнца предложенехь дешнийн уьйр билгалйаккхар. Кепах йохийна предложенеш йухаметтахІиттор. Цхьаьнатоьхначу дешнийн кепех предложенеш хІиттор. Текст. Текстан билгалонаш. Текстан тема а, цІе а.	Предложенин схема йеша хаар. Предложени а, цуьнан схема а цхьаьнайалор. Билгалдинчу дешнашца а, схемица а предложенеш хІиттор. Хаттаран, айдаран, дийцаран, тІедожоран предложенеш дифференцировать йар. Шардар: предложенеш билгалйинчу иэшарца (интонаци) йешар. Шимма цхьаьна бен болх: кеп талхийна предложени нисйе (иэделлачу дешнех предложени кхолла), масала: *дахара, тхо, хьуьнах, селхана.* Шимма цхьаьна бен болх: текстан дакъош къастор, церан къастор нийса хиларх кхетор. Практикин болх: кеп талхийна текст схьайазйар, предложенийн кепаш нийса йалор (йуьххьехь доккха элп, чаккхенгахь хьаьркаш).
14.	**Орфографи а, пунктуаци а (8 сахьт)**	Нийсайазйаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: предложенехь дешнаш къаьстина йаздар; предложенин йуьххьехь а, долахь цІерашкахь а доккха элп йаздар: адамийн цІерашкахь а, фамилешкахь а, дийнатийн цІерашкахь а; адамийн цІерашкахь, фамилешкахь, ден цІерашкахь, дийнатийн цІерашкахь *я, яь, ю, юь, е, ё* элпийн нийсайаздар, тІеэцначу дешнашкахь *я, ю, е, ё* элпийн нийсайаздар; нохчийн меттан мукъазчу элпийн *(хь, хІ, кх, чІ и т.д.)*	Нийсайаздаран а, пунктуацин а бакъонаш Іамор. Цхьана могІанера вукху могІане даха аьтто хиларца дешнаш вовшашца дустар. Алар цхьаъ долуш, йазйар тайп-тайпана долчу дешнашна тІехь тергам, масала: *мотт, цІе, ча, мІара.* Шардар: долахь цІераш йукъахь йолу предложенеш дІайазйар. Кхолларалин тІедиллар: алгоритмана тІе а тевжаш, долахьчу цІерийн билгалбаьккхинчу барамца, «Сан доьзал» цІе йолу доккха доцу дийцар йазде.

		нийсайаздар*; щ, ь, ы, ф* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар;	
15.	**Къамел кхиор (10 сахьт)**	Къамел адамашна йукъахь тIекере лелоран коьрта кеп санна. Барта а, йозанан а къамел: коьрта башхаллаш (отличия). Дош къамелан дакъа санна. Къамелехь дешан маьIна (роль). Предложени а, текст а къамелан дакъош санна (довзийтар). Текстан цIе. Шен (долахь) текст хIоттор. ТIекеренан хьелаш: тIекеренан Iалашо, хьаьнца, мичахь кхочушхуьлу тIекере. Барта тIекеренан хьелаш (диалогаш ролашца йешар, видоматериалашка хьажар, аудиозаписе ладогIар). Дешаран а, Iер-дахаран а хьелашкахь къамелан этикетан норманаш (маршала хаттар, Iодика йар, бехк цабиллар дехар, баркалла алар, дехар дар).	Iаматан элементаш йовзар (форзац, шмуцтитул, чулацам, билламаш, дошам-йуххедиллар). Адамийн дахарехь меттан а, къамелан а маьIнах, кхечу халкъийн меттанийн ларам беш, алар. Хьехархочун къамел хазарца тIеэцар. Къамелан гIуллакхдаран коьрта тайпанаш билгалдар*: ладогIар, дийцар (къамел дар), йоза, йешар.* Хезна текст йозанан кепехь схьайийцар. Къамелан дакъа санна текст, текстан коьрта билгалонаш йовзийтар. Текст а, предложени а вовшех къастор. БIаьрсица а, хазарца а текстера предложенеш къастор. ХIоттийнчу хьесапца цхьаьнайогIу барта а, йозанан а текст кхоллар. ЛадугIучу/йоьшучу текстана цIе харжар. 3-4 къаьстинчу предложенех текст хIоттор. Йозанехь предложенин кеп нийса кхочушйар (йуьххьехь доккха элп, чаккхенгахь тIадам). Предложенийн схемаш хIиттор а, кийча схемаш билгалйинчу предложенешца йустар а. Iамийна нийсайаздаран а, пунктуацин а бакъонаш йозанехь ларйар. Шимма цхьаьна бен болх: «Муьлха шеран хан дукхайеза хьуна?» темина диалог хIоттор. ТIекеренийн тайп-тайпана хьелаш гайтаран суьрташца болх *(маршалла хаттар, Iодика йар, баркалла алар, дехар дар)*, хIора хьолана догIу этикетан дешнаш харжар. Нохчийн гIиллакх-оьздангаллин лексикица диалог хIоттор. Ролашца ловзар «Хьеший бахкар»: ламасташца догIуш, хьеший тIеэцар. Шимма цхьаьна бен болх: «Цхьаьнакхетар» къамелхочуьнга могашалла, гIуллакх хаттар.
Резерв (дийнна дешаран шарна) - 10 с.			

2 класс (102 сахьт)

№ п/п	Дакъа	Чулацам	Іамор вовшахтохаран некъаш а, кепаш а. Дешархойн гІуллакхдаран характеристика
1.	**Маттах лаьцна йукъара хаамаш (1 сахьт, кхидІа курсан массо декъехь Іамадо)**	Мотт адамийн тІекеренан коьрта гІирс а, къоман культурин хилам а санна. Россин а, дуьненан а меттан шортенан тайп-тайпаналлех йуьхьанцара кхетамаш. Мотт бовзаран некъаш: тергам, анализ.	«Адамийн дахарехь меттан а, къамелан а маьІна» темина къамел. Мотт къоман культурин хилам а, адамийн уьйран коьрта гІирс хиларх йукъахь жамІан кеп йалор.Шимма цхьаьна бен болх: нохчийн меттан хазаллех а, хьал долуш хиларх а хетарг кепе далор.Россин Федерацехь меттанийн шорталлех болу хаамаш бийцаре бар.
2.	**Фонетика, графика, орфоэпии (8 сахьт, кхидІа курсан массо декъехь Іамадо)**	Аьзнийн маьІна къасторан гІуллакх; аьзнаш а, элпаш а; зевне, къора мукъаза аьзнаш а довзар. Озан башхаллин характеристика: мукъа – мукъаза; зевне – къора мукъазнаш. Нохчийн меттан ша-тайпа мукъа фонемаш *(аь-аь, оь-оь, уь-уьй)* а, уьш элпашца билгалйар а *(аь, оь, уь, яь, юь). Я, яь, ю, юь, е(ё)* элпашца дешнаш. *Э, е* элпашца дешнаш. Деха а, доца а мукъанаш. *Й* элпаца долу дешнаш. Нохчийн меттан ша-тайпа мукъаза фонемаш *(гІ, кІ, къ, кх, пІ, тІ, хІ, хь, цІ, чІ, І)* а, уьш элпашца билгалйар а. *Щ, ь, ы, ф* элпашца долу дешнаш. Шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хеза дешнаш нийсайаздар. Дешнаш дешдакъошка декъар (мукъаза элпийн цхьаьнакхетарш дерш а цхьаьна). Дошамашца болх беш алфавитах болчу кхетамах пайдаэцар. Элпийн боцу графикин гІирсаш: дешнашна йуккъехь кІайдарг, сехьадаккхаран хьаьрк, абзац (цІен могІа), сацаран хьаьркаш (Іамийнчун барамехь).	Схемина тІе а тевжаш, аьзнийн характеристика кхочушйар. Дешнашкахь элпийн а, аьзнийн а барам базар. Мукъачу а, мукъазчу а аьзнийн артикуляцин башхаллаш. Аьзнийн а, аьзнийн цхьаьнакхетарийн нийса алар. Шаьш билгалдечу озан характеристикехула элпийн классификаци кхочушйар. Меттан коьчална тІехь тергам: я, яь, ю, юь, е (ё), э, е элпашца долчу дешнийн аьзнийн-элпийн хІоттамехь йолчу башхаллех кхетор. Нохчийн меттан ша-тайпанчу аьзнийн дифференциаци йар. Шалхачу мукъазчу аьзнийн (гІ, кІ, къ, кх, пІ, тІ, хІ, хь, цІ, чІ, І) алар. Долахьчу а, йукъарчу а цІерашкахь элпийн, аьзнийн барам базар, хІора нисйеллачу меттехь элпийн, аьзнийн бараман галморзахаллех кхетор. Цхьана могІанера вукху могІане даха аьтто хиларца дешнаш вовшашца дустар. Графикин гІирсех нийса пайдаэцар а, кхетор а: кІайдарг, дош сехьадаккхаран хьаьрк, абзац, предлолженин чаккхенгахь тІадам. Дош сехьадаккхаран бакъонах пайдаэцар.
3.	**Лексика (12 сахьт)**	Дош декаран а, маьІнин а цхьаалла санна. Дешан лексикин маьІна (йукъара кхетам). Текстехула дешан маьІна билгалдаккхар йа дошаман гІоьнца маьІна нисдар.	Дидактикин ловзар: «Муьлха дош ду хаал?» (суьрташкахула дешнаш довза деза). Тобанашца болх: текстехь дешан маьІнина тІехь тергам, текстана тІе а тевжаш, дешан маьІна билгалдар.

		ЦхьанамаьІнийн а, дукхамаьІнийн а дешнаш (атта дешнаш, тергам). Къамелехь синонимех а, антонимех а пайдаэцарна тІехь тергам.	Практикин болх: дошам тІера, хьайна хьалха ца хууш хиллачу, кхаа дешан маьІна схьайазде. Тобанашца болх: кроссворд кхочушйар. Дешнийн тайп-тайпана маьІна гойтучу суьрташца болх, масала: *мотт, нІаьна…,* суьрташна тІе а тевжаш, дукхамаьІнийн дешнийн маьІнех кхетор. Практикин болх: предложенешкахь антонимаш лахар.
4.	**Дешан хІоттам (морфемика) (3 сахьт)**	Орам дешан ца хилча ца долу дакъа санна. Цхьанаораман (гергара) дешнаш. Цхьанаораман (гергарчу) дешнийн билгалонаш. Дешнашкахь орам къастор (аттачу меттигашкахь).	«Гергара стаг хьанах олу?» темина дешаран диалог. «Гергара дешнаш» боху кхетам йукъабалор. Гергарчу дешнашна тІехь тергам (тералла, башхалла). Ловзаран кепехь шардар: «Совнаха дош караде». Дешаран диалог: «Гергарчу дешнийн йукъарчу декъах хІун ала мегар ду?» Цхьаьна бен болх: дешнашкахь коьрта дакъа билгалдар (орам).
5.	**Морфологи (15 сахьт)**	Къамелан дакъош. ЦІердош (довзийтар): йукъара маьІна, хаттарш *(«мила?», «хІун?»)*, къамелехь пайдаэцар. Йукъара а, долахь а цІердешнаш (фамилеш, цІераш, дайн цІераш, дийнатийн цІераш, меттигийн цІераш).	Дешаран диалог: «Вайн къамел стенах лаьтта?» «Къамелан дакъош» боху кхетам йукъабалор. Билгалдинчу дешнийн гуламна тІехь тергам: хІун билгалйо, муьлхачу хаттарна жоп ло, жамІ дар, «цІердош» кхетам йукъабалор. Шимма цхьаьна бен болх: муьлхачу хаттаршна жоп ло хьаьжжина, цІердешнаш шина тобане декъар («хІун?» йа «мила?»). Адамийн цІераш, ден цІераш, фамилеш, дийнатийн цІераш, меттигийн цІераш билгалйечу цІердешнех лаьцна дешаран диалог.
		Хандош (довзийтар): йукъара маьІна, хаттарш *(«хІун до?», «хІун дина?», «хІун дийр ду?»)*, къамелехь пайдаэцар.	Билгалдинчу дешнашна тІехь тергам: хІун билгалйо, муьлхачу хаттарна жоп ло, жамІ дар, «хандош» боху кхетам йукъабалор. Хандешан лексикин маьІнина тІехь тергам. Дифференциаци йарехула тІедиллар: хаттаршка хьаьжжина хандешнаш тобанашка дерзор. Практикин болх: дешнийн гуламна йукъара хандешнаш схьайаздар. Шимма цхьаьна бен болх: текстехь хандешнаш карор. Ша бен болх: предложенина хандош йукъахІаттор.

		Билгалдош (довзийтар): йукъара маьІна, хаттарш *(«муха?», «хьенан?» «стенан?»)*, къамелехь пайдаэцар. зависимости от того, какие признаки предметов они обозначают (цвет, вкус, размер). Работа в группах: соотнесение имен прилагательных и вопросов к ним *(муха? хьенан? стенан?)*.	Билгалдинчу дешнашна тІехь тергам: хІун билгалйо, муьлхачу хаттарна жоп ло, жамІ дар, «билгалдош» боху кхетам йукъабалор. Билгалдешан лексикин маьІнина тІехь тергам. Шимма цхьаьна бен болх: муха? бохучу хаттарна жоп луш долу билгалдешнаш, хІуманан муьлха билгало (бос, чам, барам) гойту хьаьжжина, кхаа тобане дІасадекъар. Тобанашкахь болх: билгалдешнаш а, царна хІиттош долу хаттарш а цхьаьнадалор (муха? хьенан? стенан?). Ша бен болх: текстера билгалдешнаш схьайаздар.
		ДештІаьхье. Уггар йаьржина дештІаьхьенаш: *тІе, тІера, чу, чуьра, кІел*, и. д. кх.	Шардар (тергам): муьлха предложени нийса хІоттийна йу? Масала, Чорпа йай тІехь йу. Чорпа йай чохь йу…? «ДештІаьхье» боху кхетам йукъабалор. «Стенна оьшу дештІаьхьенаш?» темина дешаран диалог. Кхолларалли болх: тайп-тайпанчу дештІаьхьенех пайда а оьцуш, цхьатеррачу дешнийн гуламах предложенеш хІиттор. Ловзаран кепехь шардар: «ДештІаьхьенаш тиллайелла».
6.	**Синтаксис (6 сахьт)**	Предложенехь дешнийн къепе; предложенехь дешнийн уьйр (карладаккхар). Предложени меттан дакъа санна. Предложени а, дош а. Предложенин дашах къастар. Аларан Іалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: дийцаран, хаттаран, тІедожоран предложенеш. Синхаамийн иэшаре (эмоцин окраске) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (интонацехула (иэшарехула): айдаран а, айдаран йоцу а предложенеш.	Дашна а, предложенина а тІехь тергам. «Предложенехь дешнаш вовшех муха дозу?» темина дешаран диалог. Шардар: нийса хІиттийна предложенеш схьакъастор (билгалйинчарна йукъара). Дешаран диалог: «Предложенин чаккхенгахь муьлха хьарк дилла деза муха хаа деза?». Тобанашкахь болх: кеп талхийнчу текстехь предложенийн, чаккхенгахь йогІу сацаран хьаьрк хІотторца, доза къастор. Шимма цхьаьна бен болх: дешнийн билгалбаьккхинчу гуламах предложенеш хІиттор. Шимма цхьаьна бен болх: эмоцин иэшаре хьаьжжина къаьсташ йолу предложенеш йустар, йогІучу иэшарца предложенеш алар.
7.	**Орфографи а, пунктуаци а (22 сахьт)**	Предложенин йуххьехь а, долахь цІерашкахь а доккха элп (цІераш, фамилеш, дийнатийн цІераш); предложенин чаккхенгахь сацаран хьаьркаш; дош цхьана могІарера вукху могІаре сехьадаккхар (дешан морфемин декъадалар тидаме а ца оьцуш);	Дешаран диалог: «Схьайазйарехь дарийн къепен алгоритмах муха пайдаэца беза?» Комментарица йоза кхочушдар: йаздечу долахьчу а, йукъарчу а цІердешнашнийн дІайаздаран башхаллех кхетор. Деха *и, уь* элпашна тІаьхьа *й* элп йазйаран бакъо тІечІагІйарна шардар. Вовшеталлар. Бакъонах пайдаэцаран ша шена таллам бар.

		Нийсайаздаран син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна. Дешан йаздар къасторхьама (нисдархьама), Iаматан тIерачу нийсайаздаран дошамах пайдаэцар. Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: долахь цIерашкахь доккха элп: цIераш, фамилеш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш; йукъарчу цIерашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)* элпийн нийсайаздар, тIеэцначу (йукъарчу) дешнашкахь *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар; долахь цIерашкахь: цIерашкахь, фамилешкахь, дайн цIерашкахь, дийнатийн цIерашкахь, меттигийн цIерашкахь (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)*элпийн нийсайаздар, тIеэцначу дешнашкахь (долахь цIерашкахь) *я, ю, е (ё)* элпийн нийсайаздар; нохчийн меттан мукъазчу элпийн *(къ, кI, кх, гI, и.д.кх.)* нийсайаздар; шеконца *[оьв], [ой], [эв]* хезачу дешнийн нийсайаздар *(-эв,-аьв,-ев)*; *щ, ь, ы, ф* элпашца долчу дешнийн нийсайаздар; деха мукъа *и, уь* хезачохь *й* элп йаздар; дештIаьхьенаш цIердешнашца къаьстина йазйар.	Меттан коьчална тIехь тергам: дош сехьадаккхаран бакъонца доьзначу хаттарна, билгалйинчу коьчалан анализан буха тIехь жоьпан кеп йалор, дешнаш сехьадахаран бакъо къастор (тайар). Таблицица болх (цхьана бIогIамалгехь дешнаш дешдакъошца декъна ду, вукху бIогIамалгехь изза дешнаш сехьадахарна декъна ду): дешнаш дешдакъошка декъаран, дешнаш сехьадахаран башхаллаш дуьхь-дуьхьал хIиттор, къаьсташ долчух кхетам балар. Практикин болх: сехьадаха мегачу кепара декъарца дешнаш дIайаздар, дешнаш сехьадохуш декъарехь ша шена мах хадор кхочушдар. Дифференциаци йарехула тIедиллар: билгалбинчу буха тIехь дешнаш карор (сехьадаха ца мега дешнаш). Шимма цхьаьна бен болх: дешнаш сехьадахарна декъарехь даьхначу гIалатех кхетор. Ша шена таллам: шен кхечу предметашкара йозанан белхаш, дешнаш сехьадахаран бакъонах пайдаэцарехь хила тарло гIалаташ нисдаран Iалашонца, таллар. Практикин болх: долахь цIердешнаш йаздаран бакъонах пайда а оьцуш, предложенеш дIайазйар. Комментарица йоза кхочушдар: *[оьв], [ой], [эв]* аьзнашца долчу дешнийн нийсайаздарехула Iамийнчу бакъонах пайдаэцар шардар. Нийсайаздаран тренинг: *я, яь, ю, юь, е* элпашца долчу йукъарчу, долахьчу цIердешнийн нийсайаздар. Суьрташца а, царна буха йаздинчу дешнашца а болх, *кIора-къора, го-гоь,* и.д.кх. тайпанан дешнийн анализ кхочушйо.
8.	**Къамел кхиор (20 сахьт)**	Коммуникативни хьесап эвсараллица кхочушдархьама, барта тIекеренан Iалашонашца а, хьелашца а цхьаьнабогIу меттан гIирсаш харжар (деллачу хаттарна жоп далархьама, шена хетарг алархьама). Къамел дан хаар (дIадоло, къамелехь дакъалаца, къамел чекхдаккха, тидам тIеберзо, и. д.кх.). Къамелан диалоган кеп практикехь карайерзор. Дешаран а, Iер-дахаран а тIекеренан хьелашкахь къамелан этикетан	Шен дIайахьарехь дешархой тIекеренан хьолан башхаллаш билгалйаха Iема дешаран диалог: Iалашонаш, хьесапаш, декъашхойн хIоттам, меттиг, хан, коммуникацин гIирсаш. Диалоган жамIдар: тIекеренан хьолехь тIекеренан Iалашо сецор, хьаьнца, мичахь дIахьош йу тIекере мехала хиларх а, меттан гIирсаш харжар хьолан оцу башхаллех доьзна хиларх а хьехархочун хаам.

		норманаш а, орфоэпин (нийсааларан) норманаш а ларйар. Цхьаьна гІуллакхдарехь шимма цхьаьна а, тобанашкахь а болх дІахьуш, бартбан а, йукъарчу сацаме ван а хаар.	Билгалйинчу масех репликех комментарешца нийсаниг барта харжар, Іалашонца а, тІекеренан хьелашца а цхьаьнабогІу меттан гІирсаш харжар бух болуш хилар тІечІагІдар. Ролашкахь ловзарш, къамел дІадахьаран хаарш карадерзорна лерина сценкаш хІиттор: дІадоло, къамелехь дакъалаца, чекхдаккха, тидам шена тІеберзо, и. д. кх.
		Суьртан репродукцихула барта дийцар хІоттор. Ша бинчу тергамашкахула а, хаттаршкахула а барта дийцар хІоттор.	Суьртийн репродукцешца болх, суьртана шен эмоцин откликан анализ йар, хІиттийнчу хаттаршна жоьпаш далар. Хаттаршна тІе а тевжаш, суьрта тІехула барта дийцар хІоттор. Исбаьхьаллин музеехула виртуале экскурси.
		Текст. Текстан билгалонаш: текстера предложенийн маьІнийн цхьаалла; текстера предложенийн хьалх-тІаьхьалла; текстехь кхочушхилла йаьлла ойла гайтар. Текстан тема. Коьрта ойла. Текстан цІе. Билгалйинчу текстaшна цІе харжар. Текстан дакъойн (абзацийн) хьалх-тІаьхьалла. Предложенийн а, абзацийн а рогІалла талхийна текстaш нисйар. Текстийн тайпанаш: суртхІоттор, дийцар, ойлайар, церан башхаллаш (йуьхьанцара довзийтар). Декъалдар а, декъалдаран открытка (диллина кехат) а. Текстах кхетар: текстехь болчу хааман буха тІехь цхьалха жамІаш кепе далоран хаар кхиор. Нийсачу интонацица (иэшарца) текстан хозуьйтуш исбаьхьаллин йешар. Хаттаршна тІе а тевжаш, 25-35 дешан барамехь йолу дийцаран текст ма-йарра схьайийцар.	Дешаран диалог «Дош, предложени, текст йустар», диалог кхочушйарехь дешан, предложенин, текстан тераниг, къаьсташ дерг гучудаккхар. Меттан коьчална тІехь тергам: текстийн а, «текст цахиларийн» (предложенийн хьал-тІаьхьалла галйаьккхина/йукъарчу темица йоьзна йоцу масех предложении/цхьана хІуманах лаьцна, амма ойла ца гойту масех предложени) масех масал, текстан билгалонийн йустар, гучуйахар: текстехь предложенийн маьІнийн цхьаалла; текстера предложенийн хьал-тІаьххьалла; текстехь кхочушхилла йаьлла ойла гайтар. Шимма цхьаьна бен болх: текст а, предложенийн гулам а къастор, шена хетарг тІечІагІдар. Текстера предложенийн уьйран некъашна тІехь тергам, текстехь предложенийн уьйран некъех шена хетарг алар. Текстехь предложенийн хьалх-тІаьхьаллина тІехь тергам. Ша бен болх: талхийна текст йухаметтахІоттор – текстехь предложенийн нийса рогІалла къастор. Практикин болх: билгалйинчу текстийн коьртачу маьІнин кеп кхоллар. Текстан хІоттамна тІехь тергам, текстан хІоттаман дакъа санна абзац йовзийтар.
Резерв (дийнна дешаран шарна) – 15 сахьт			

3 класс (102 сахьт)

№ п/п	Дакъа	Чулацам	Іамор вовшахтохаран некъаш а, кепаш а. Дешархойн гІуллакхдаран характеристика
1.	**Нохчийн маттах болу хаамаш (1 сахьт[2], Іамор курсан дерриг дакъошкахь дІахьо)**	Нохчийн мотт тІекеренан мотт санна. Мотт бовзаран некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент.	«Доьзалехь а, йукъараллехь а нохчийн маттах пайдаэцар» темина къамел.Мотт къоман культурин хилам а, адамийн уьйран (тІекере лелоран) коьрта гІирс хиларх йукъахь жамІан кеп йалор. Шимма цхьаьна бен болх: нохчийн меттан хазаллех а, хьал долуш хиларх а хетарг кепе далор.Меттан кхиаран некъех лаьцна диалог.
2.	**Фонетика, графика, орфоэпи (курсан массо декъехь Іамадо) (3 сахьт)**	Нохчийн меттан аьзнаш: мукъа/мукъаза, къора/зевне мукъазнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Йеха а, йоца а дифтонгаш иэ, уо, уьш йазйар а. Нохчийн маттахь ъ гІуллакх. ъ, ь долчу дешнашкахь (айъа, тетрадь...) аьзнийн а, элпийн а хІоттаман базар. Дошамашца, справочникашца, каталогашца болх беш, алфавитах пайдаэцар. Аьзнийн а, аьзнийн цхьаьнакхетарийн а аларан норманаш; дешнашкахь мукъачу аьзнийн дохалла (нохчийн маттахь жигара пайдаоьцучу дешнийн масалшца).	Азнийн классификаци дІайахьа ладаме билгало къастор. Шимма цхьаьна бен болх: тІаьхьабогІучу йукъахь бечу талламца аьзнийн билгалбинчу гуламна классификации йар. Тобанашкахь болх: дешнийн билгалбинчу гуламехь элпийн а, аьзнийн а барам базар. Ша бен болх: билгалдина дешнаш алфавитан къепехь дІайаздар. Дифференциаци йарехула тІедиллар: алфавитан къепехь цІераш дІанисйеш кхочушдинчу тІедилларехь гІалаташ карор. Дешнийн нийса алар а, йазйар къасторхьама нийсайаздаран дошамца болх бар. Дошамашца, справочникашца алфавитах долчу хаарех боьзна болх барехула курсан массо дакъо Іаморехь практикин болх. Мукъачу аьзнийн дохаллина тІехь тергам. Ловзаран кепехь шардар: тайп-тайпанчу предложенешкахь нийса дІадеша дош
3.	**Лексика (3 сахьт)**	Дешан лексикин маьІна. Дешан нийса а, тІедеана а маьІна (довзийтар).	Дешаран диалог: «Мичахь лаха деза цадевза дешнаш?» Дешнийн маьІнех хьехархочун дийцар. Суьртийн буха тІехь дешнийн маьІнашна тІехь тергам. Дошаман статьях лаьцна хьехархочо дийцар, статьян хІоттамна тІехь тергам. Ша бен болх: Тетрадь тІе дешан (билгалдинчу дешнех хаьржинчу) дошаман статья схьайазйар.

[2] Выделенное количество учебных часов на изучение разделов носит рекомендательный характер и может быть скорректировано с учётом резервных уроков (10 ч.) для обеспечения возможности реализации дифференциации процесса обучения и расширения содержания с учётом образовательных потребностей и интересов обучающихся.

4.	**Дешан хIоттам (морфемика) (7 сахьт)**	Орам дешан ца хилча ца долу дакъа санна; цхьанаораман (гергара) дешнаш; цхьанаораман (гергарчу) дешнийн билгалонаш; цхьанаораман дешнаш а, синонимаш а довзар; дешнашкахь орам къастор (аттачу дешнашкахь); чаккхе, дешан хийцалуш долу дакъа санна. Цхьанаораман дешнаш а, цхьана дешан кепаш а. Орам, дешхьалхе, суффикс – дешан маьIне дакъош. -р, - хо, -ча суффиксашца долу дешнаш. Хьастаран-жимдаран суффиксашца дешнаш кхоллар (цIа-цIелиг, кема-кемалг,..).	Дешаран диалог: «Муха къастало дешнийн гергарло?» «Орам», «цхьнаораман дешнаш» бохучу кхетамашца болх: Iамат тIехь йалийнчу бакъонийн анализ. Ша бен болх: дешнийн билгалбинчу гуламехь билгалбаькхинчу орамца дешнаш каро. Шимма цхьаьна бен болх: гергара дешнаш харжар (лахар). (Текстехь) Гергара дешнаш лахаран Iалашонца текстан анализ. Тобанашкахь болх: билгалбинчу могIарехь совнаха дош карорна (гучудаккхарна) лерина тIедиллар кхочушдар (масала, гергарчу дешнийн тобанехь синоним). Дешан кеп хийцайаларна тIехь тергам. Шен чулацамехь цхьана дешан кепаш йолчу текстаца болх бар: дешан кепаш лахар, дешан кепаш йустар, дешан (дешан хийцало дакъа) кепашкахь къаьсташ долу дакъа гучудаккхар «Чаккхе» бохучу кхетамца болх: Iамат тIехь йалийнчу бакъонан анализ. Суффиксийн а, дешхьалхенийн а меттигах а, маьIнех а кхетор. Тобанашкахь болх: билгалйинчу кепаца могIа чекхбаккхар (- хо, -р, - ча суффиксийн гIоьнца керла дешнаш кхоллар). Цхьаьна бен болх: хьастаран-жимдаран суффиксашца долу дешнаш довзар.
5.	**Морфологи (26 сахьт)**	ЦIердош: йукъара маьIна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар. Долахь (фамили, цIе, ден цIе, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш, говзарийн, газетийн, журналийн цIераш…) а, йукъара а цIердешнаш. ЦIердешнийн терахьашца хийцадалар. Цхьаллин терахьан а, дукхаллин терахьан а бен кеп йоцу цIердешнаш. ЦIердешнийн классаш. ЦIердешнийн классийн гайтамаш. ЦIердешан дожар. ЦIердешан дожар билгалдаккхар. ЦIердешнийн дожаршца а, терахьашца а хийцадалар.	Дешаран диалог «Муьлха къамелан дакъош девза вайна?» Практикин болх: «Къамелан дакъош» таблица хIоттор (цIераш, маьIна, хаттарш, масалш). Суьрташца болх: диктант «Молчанка» (цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь цIердешнаш дIайаздар). ЦIердешнийш классашца хийцадаларна тIехь тергам, дина жамIаш Iамат тIехь балийнчу хаамца дустар. Шимма цхьаьна бен болх: билгалдинчу цIердешнийн классан гайтам билгалбаккхар. Тобанашкахь болх: къастийнчу билгалонца (масала, класс йа терахь) цIердешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар. Дожарш довзийтар: цIераш, хаттарш.
		Билгалдош: йукъара маьIна, хаттарш (муха? хьенан? стенан? муханиг?), къамелехь	Лаамаза а, лааме а билгалдешнашна тIехь тергам, бинчу тергаман жамIаш кепе далор, шен жамIаш Iамат тIехь болчу хаамца дустар.

		пайдаэцар. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн классашца а, терахьашца а, дожаршца а хийцадалар.	Шимма цхьаьна бен болх: къастийнчу билгалонца (масала, лааме йа лаамаза) билгалдешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар. Тобанашкахь болх: билгалдешнаш дожаршца легор. Дешаран диалог: «Дерриг билгалдешнаш хийцалой-те классашца а, терахьашца а?». Шардар: делла билгалдешнаш классашца а, терахьашца а хийцар.
		ЦІерметдош (йукъара кхетам). Йаххьийн цІерметдешнаш а, къамелехь царах пайдаэцар а. Текстехь цхьана дешан ца оьшу йух-йуха далор дІадаккхархьама, йаххьийн цІерметдешнех пайдаэцар.	Текстехь цІерметдешнийн гІуллакхна тІехь тергам. Практикин болх: текстехь йух-йуха далийна цІердешнаш догІучу йаххьийн цІерметдешнашца хийцарехула, текст нисйар. Тобанашкахь болх: текстехь цІерметдешнех пайдаэцар догІуш хилар къастор, цІерметдешнех пайдаэцар дика нисцадаларехула долу къамелан гІалаташ гучудахар.
		Хандош: йукъара маьІна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар. Хандешан билгалза кеп. Хандешан карара, йахана, йогІу хан.	Практикин болх: шеца хандешнаш хиларна текстана анализ йар. Ловзаран кепехь шардар: «Совнаха дош караде (хандешан билгалзачу кепара дешнаш)». Шимма цхьаьна бен болх: хандешнаш хенашца тобанашка дерзор. Кхолларалли болх: хандешан хан а хуьйцуш, текст хийцар.
		ДештІаьхье (карладаккхар). ДештІаьхьенаш тІе, чу, церан дешхьалхенех (тІе-, чу-) къастар.	ДештІаьхьенашца а, дешхьалхенашца а йолчу предложенешна тІехь тергам. ДештІаьхьенийн а, дешхьалхенийн къаьсташ йолчу башхаллех жамІ дар, Іамат тІехь балийнчу хаамца иза дустар. Дешаран диалог: «Муьлхачу къамелан дакъошца доттагІалла леладо дештІаьхьено?» Цхьаьна бен болх: предложенешкахь (атта меттигашкахь) дештІаьхьенаш а, дешхьалхенаш а йовзар.
		Ца, ма дакъалгаш а, церан маьІна а.	Предложенешкахь ца, ма дакъалгашна тІехь тергам, тергаман жамІаш кепе далор.
6.	**Синтаксис (10 сахьт)**	Предложени. Дешнийн цхьаьнакхетар. МаьІнийн (синтаксисан) хаттарийн гІоьнца предложенехь дешнашна йукъара уьйр билгалйаккхар. Предложенин коьрта меженаш: подлежащи, сказуеми. Предложенин коьртаза меженаш (тайпанашка а ца йоькуш). Йаьржина а, йаржаза а предложенеш.	Комментари йарехула тІедиллар кхочушдар: предложенешкара, цхьанна тІера вукхунна маьІнийн хаттар хІотто тарло, шишша дош схьайазде. Предложенехь дешнийн уьйрах хьехархочун дийцар. «Дешнийн цхьаьнакхетар» боху кхетам йукъабалор. Ша бен болх: маьІнийн хаттарийн гІоьнца предложенешкарчу дешнашна йукъара уьйр къастор. Аларан Іалашонехула а, эмоцин иэшарехула а предложенийн кепех долу хаарш карладахарна тІехьажийна йолу дешаран диалог.

		Хуттург йоцчу а, а хуттургаца йолчу а предложенин цхьанатайпанчу меженашна тIехь тергам.	Дифференциаци йарехула тIедиллар: предложенешна классификаци йархьама билгало къастор. Предложенешна тIехь тергам: «йаьржина», «йаржаза предложенеш» кхетамаш йукъабалор.
7.	**Орфографи а, пунктуаци а (21 сахьт)**	Орфографин син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хIоттийна а, билгалйаьхна а тексташ талларехь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а). Нийсайаздаран (орфографин) дошамах дешан нийсайаздар къастош (нисдеш) пайдаэцар. Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: долахь цIерашкахь (фамилеш, цIераш, дайн цIераш, дийнатийн цIераш, меттигийн цIераш, говзарийн, журналийн, газетийн… цIераш) а, йукъарчу цIерашкахь я, яь, ю, юь, е элпийн нийсайаздар (карладаккхар а, тIечIагдар а); йеха а, йоца а иэ, уо дифтонгийн нийсайазйар; чаккхенгахь -г, -к элпаш долчу цIердешнашкахь а йа и элп йаздар; дешан чаккхенгахь шала мукъаза элпаш йаздар (дитт, мотт, балл…); нохчийн меттан шатайпа мукъаза элпаш нийсайаздар (ккх, ккъ, чкI,..); дешан чаккхенгахь н элп йаздар; дештIаьхьенаш йаххьийн цIерметдешнашца къаьстина йазйар; дакъалгаш ца, ма хандешнашца къаьстина йаздар; й, ъ, ь элпашца долу дешнаш сехьадахар; шала мукъазчу элпашца (лл, тт, сс…) долу дешнаш сехьадахар; шалхачу шала мукъазчу элпашца (ккх, ткъ, чкъ…) долу дешнаш сехьадахар; цIердешнийн дукхаллин терахьан чаккхе; дештIаьхьенийн нийсайазйар; *ца, ма,* дакъалгашца дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар.	Дешаран диалог: «Нийсайаздаран хьесап кхочушдарехь шен дарийн план муха хIотто йеза?», диалоган жамIехь Iамийна бакъонаш талларехь дарийн хьал-тIаьхьалла карлайаккхар. ХIокху классехь Iамочу нийсайаздаран бакъонех пайдаэцаран алгоритмийн моделаш хIиттор, хIиттийнчу алгоритмех пайдаэцар. Тобанашкахь болх: дешнаш Iамийнчу бакъонашца (масала, чаккхенгахь -г, -к долу цIердешнаш) тобанашкахь цхьаьнатохар. Шимма цхьаьна бен болх: нийсайаздаран гIалатан (масала, нохчийн меттан шала шалха элпаш йаздар (*ккх, ккъ, цкъ.)*) тайпане хьаьжжина, дешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар. Текстана, билгалйинчу бакъонца догIу дешнаш чулацамехь хиларна, комментари а йеш, анализ йар. Билгалйолчу бакъонна долу дешнаш йукъа а далош, предложенийн моделаш хIиттор. Таллам кхиорна шардар: нийсайаздаран гIалаташ карор. Нийсайаздаран хьесап кхочушдаран шен жамIан мах хадор, тексташ схьайазйарехь а, олуш дIайазйарехь а гIалаташ иэшорхьама, хьехархочун гIоьнца шен дараш нисдар (корректировка). Проектан тIедиллар: халачу дешнийн (йаздар ма-аьлла дагахь ца лаьттачеран а, дIайазйарехь даим а шеконаш кхоллалучеран а,) шен дошам хIоттор. Нийсайазйаран коьчал тIечIагIйан шардарш харжарехь, шен таронийн мах хадор харжа хьал кхоллар. Кхин тIе хааман хьостанех пайдаэцар оьшу проблемни хьал: нийсайаздаран дошамца дешнийн йаздар нисдар (цу йукъахь электронни носитель тIехь йерш). Проектан тIедиллар: билгалйинчу бакъонашна максимале барамехь дешнаш йукъа а далош, шен тексташ кхоллар. Проектан тIедиллар: билгалйинчу бакъонна шен дешнийн диктанташ хIиттор.

8.	**Къамел кхиор (16 сахьт)**	Къамелан этикетан норманаш: барта а, йозанан а кхайкхар, дехар дар, бехк цабиллар дехар, баркалла алар, духатохар, и.д.кх. Дешаран а, Іер-дахаран а тІекеренан хьелашкахь къамелан этикетан норманаш а, нийсааларан (орфоэпин) норманаш а ларйар. Диалогехь а, дискуссехь а шена хетарг кепе дало, тІечІагІдан; барт бан а, цхьаьна гІуллакхдарехь йукъарчу сацамна тІетан а; шимма цхьаьна, тобанашца болх кхочушбеш, дарашна тІехь таллам (контроль) бан (барта уьйр йан) гІо ден къамелан гІирсаш. Нохчийн мотт ца хуучу нахаца тІекере лелоран хьелашкахь къамелан этикетан башхаллаш. Текстан план. Текстан план хІоттор, йеллачу планаца текст йазйар. Йаххьийн цІерметдешнийн, синонимийн, хуттургийн гІоьнца текстехь предложенийн уьйр. Текстехь коьрта дешнаш. Текстийн тайпанаш (дийцар, суртхІоттор, ойлайар) къастор (билгалдахар) а, билгалйинчу кепан шен тексташ кхоллар а. Кехатан, дІакхайкхоран (объявленин) жанр. Массара цхьаьна йа ша хІоттийнчу планаца текст схьайийцар. Талламан, довзийтаран йешар.	Дешаран диалог: «Муха къаьста текстан тема а, текстан коьрта ойла а? Муха къасто йеза текстан тема? Текстан коьрта ойла муха къасто йеза?». Йеллачу текстийн тема а, коьрта ойла а къасторехь комментари йарехула тІедиллар кхочушдар. Дифференциаци йарехула тІедиллар: текстан тема а, коьрта ойла а къасторехь гІалаташ карор. Практикин болх: предложенийн къепе талхийнчу текстийн анализ а, нисйар (корректировка) а. Практикин болх: текстехь маьІнийн йукъахдитарш карор. Цхьаьна текстан план хІоттор. Шимма цхьаьна бен болх: билгалйинчу текстан план хІоттор. Тайп-тайпанчу тайпанан (дийцар, суртхІоттор, ойлайар) цхьана темина йолчу кхаа текстана тІехь тергам, текстийн хІора тайпанан башхаллех жамІийн кепаш йалор. Кхочушбинчу тергаман жамІаш «Текстийн кхо тайпа» цІе йолу таблица хІотторехь цхьаьнадалор, таблицехь гойту тексташ йустаран хІара параметраш: «Текст кхолларан Іалашо», «Текст хІотторан башхаллаш», «Меттан гІирсийн башхаллаш». Тобанашкахь болх: хІора билгалдинчу хьолаца уггар догІу текстан тайпа харжар («Текстийн кхо тайпа» цІе йолчу таблицина тІе а тевжаш). Кхолларалли тІедиллар: тайп-тайпанчу тайпанийн барта а, йозанан кепахь а тексташ (суртхІоттор, ойлайар, дийцар) хІиттор (кхоллар). Практикин болх: хІоттийнчу коммуникативни хьесапе хьаьжжина, къамелан алар хІоттор. Къамелан тренинг: тобанан белхан, бинчу тергаман, кхочушбинчу мини-талламан, проектан тІедилларан жамІех доккху доцу къамел дар кечдар.
Резерв (дийнна дешаран шарна) – 15 сахьт			

4 класс (102 сахь)

№ п/п	Дакъа	Чулацам	Іамор вовшахтохаран некъаш а, кепаш а. Дешархойн гІуллакхдаран характеристика
1.	**Нохчийн маттах болу хаамаш (1 сахьт[3], курсан массо декъехь дІахьо Іамор)**	Нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт санна. Мотт бовзаран тайп-тайпана некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент, мини-таллам, проект.	Іаморан диалог: «ХІора халкъана шен мотт ларбар мехала (ладаме) хІунда ду? 2007 шеран 25 апрелан N 16-РЗ йолу «Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь» Нохчийн Республикин законан (06.03.2020 ш. N 13-РЗ ред.) статьяш йукъарчу хьолехь йешар: «2 статья. Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттанаш «1.Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттанаш ду оьрсийн а, нохчийн а меттанаш. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн пачхьалкхан статус хиларо Нохчийн Республикехь дехаш долчу Россин Федерацин кхечу къаьмнийн шайн мотт кхиорехь а, цунах пайдаэцарехь а йолу бакъонаш ца иэшайо». *(«1. Государственными языками Чеченской Республики являются русский и чеченский языки. Статус чеченского и русского языков как государственных не ущемляет права других народов Российской Федерации, проживающих в Чеченской Республике, в использовании и развитии своих языков»).* Хьехархочун «Нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт санна» темина дийцар-кхетор. Россин меттанийн шортенан тайп-тайпаналех а, хІора халкъан дахарехь ненан меттан маьІнах а ойланаш кепе йалор кхочушден Іаморан диалог. Лингвистикин мини-талламан, проектан тІедилларан, мотт Іаморан методех санна, пайдаэца таро хилар дийцаре дар. Іаморан диалог «Муха харжа деза мини-таллам, проектан тІедиллар кхочушдарехь хааман хьоста?».

[3] Выделенное количество учебных часов на изучение разделов носит рекомендательный характер и может быть скорректировано с учётом резервных уроков (12 ч.) для обеспечения возможности реализации дифференциации процесса обучения и расширения содержания с учётом образовательных потребностей и интересов обучающихся.

			«Текст», «Фонетика, графика, орфоэпи», и.д.кх. дакъошкахь, шаьш кхочушдарехь текстан, графикин, озан хаамна, дешаран хьесапца догIуш, анализ йан хаар кхиадо практикин белхаш.
2.	**Фонетика, графика, орфоэпи (2 сахьт, курсан массо декъехь дIахьо Iамор)**	Йеллачу параметрашца дашехь а, дашехь доцуш а аьзнийн характеристика, дустар, классификаци йар. Дешан аьзнийн-элпийн таллам. Къамел даран (говорение) а, йешаран а процессехь нийса интонаци (иэшар). Аьзнийн, аьзнийн цхьаьнакхетарийн аларан норманаш; дешнашкахь, хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманашца йогIу, йохалла (Iаматехь Iамочу дешнийн кIеззиг масалшна тIехь).	Йешначу текстан чулацамах кхетар. Iаморан диалог « Муьлхачу билгалонашца аьзнийн характеристика йан хаьа вайна?». Шимма цхьаьна болх бар: йеллачу билгалонашца аьзнийн барта характеристика кхочушйар. Аьзнийн-элпийн талламна йеллачу алгоритмана цхьаьна анализ кхочушйар. Практикин болх: деллачу дешнийн аьзнийн-элпийн таллам дIабахьар.
3.	**Лексика (3 сахьт)**	Къамелехь синонимех, антонимех, омонимех пайдаэцарна тIехь тергам. Къамелехь дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарех (фразеологизмех) пайдаэцарна тIехь тергам (довзийтар).	Iаморан диалог «Стенна оьшу дешнаш?» Комментареш а йеш, тIедиллар кхочушдар: текстан предложенера йукъахдитар долчохь хIотто синонимийн могIарера догIу дош харжар, шен харжамах кхетор. Тобанашкахь болх: дидактикин текстаца болх, предложенешкахь дешнаш догIуш хиларан анализ, дешан харжам дика ца нисбелла меттигаш карор, карийна гIалаташ нисдар (уггар нийса синоним харжар). Тобанашкахь болх: текстaшкахь фразеологизмаш лахар. Кхолларалли тIедиллар: фразеологизман хIоттамна йукъа догIучу дешнийн маьIнех ма-дарра кхетаран буха тIехь забарийн шайн суьрташ кхоллар (дахкар).
4.	**Дешан хIоттам (морфемика) (3 сахьт)**	Хийцалучу дешнийн хIоттам, морфемаш атта къасталучу дешнашкахь орамаш, дешхьалхенаш, суффиксаш, чаккхенаш билгалйахар (Iамийнарг карладаккхар). Дешан лард. Чолхе дешнаш (довзийтар).	Iаморан диалог: «Дешан муьлха дакъош девза вайна?», диалог дIайахарехь дешан дакъойх Iамийнарг карладоккху (маьIна, къасторан некъ, билгалдаккхаран некъ). Дешан лард йовзийтар, «дешан лард» кхетам йукъабалор. Цхьаьна гIуллакхдар: дешан хIоттамца таллам баран алгоритм хIоттор. Шардар: хIоттийнчу алгоритмаца дешан хIоттамца таллам бар дIадахьар.
5.	**Морфологи (16 сахьт)**	Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош (йуьхьанцара довзийтар).	«Къамелан дакъош» таблицица болх, таблицин чулацаман анализ.

		ЦІердош. ЦІердешнийн легар. 1, 2, 3, 4-чу легарийн цІердешнаш. Долахь цІердешнийн легар (цІераш, фамилеш).	Тобанашкахь болх: дешнаш тобанашкахь цхьаьнатоха бух карор (къастор) (тобанашка дерзорхьама тайп-тайпанчу билгалонех пайдаэца мега, масала: къамелан дакъошца; цІердешнашна - классашца, терахьашца, легаршца, хандешнашна - хаттаршца, хенашца). Практикин болх: цІердешнийн грамматикин билгалонаш къастор. Шардар: дешнаш а, церан грамматикин характеристикаш а цхьаьнайалор. Работа в парах: цІердешнаш тайп-тайпанчу баххашца тобанашка дерзор. Шардар: текстехь билгалйинчу грамматикин характеристикашца цІердешнаш карор. Дифференцированни тІедиллар: цІердешнийн могІарехь совнах цІердош карор – тобанехь кхечу дешнийн йолу грамматикин билгалонех муьлхха а цхьаъ йоцу цІердош. Практикин болх: билгалдешнийн грамматикин билгалонаш къастор. Комментареш а йеш, билгалдешан кеп цІердешан кепаца цхьаьнайалоран тІедиллар кхочушдар. Тобанашкахь болх: дидактикин текстан анализ, текстехь лааме а, лаамаза а билгалдешнаш карор. Практикин болх: хандешан грамматикин билгалонаш къастор. Комментарешца тІедиллар кхочушдар: хандешнаш а, церан грамматикин характеристикаш цхьаьнайалор. Тобанашкахь болх: хандешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар (хенашца а, билгалзачу кепаца). ТІедиллар цхьаьна кхочушдар: текстехь хандешнаш хиларехула анализ. Куддешнашна тІехь тергам: маьІна билгалдар. Практикин болх: цІердешнийн, билгалдешнийн, хандешнийн грамматикин билгалонаш къастор. Дифференцированни тІедиллар: цІердешнийн, билгалдешнийн, хандешнийн грамматикин билгалонаш къасторехь гІалаташ лахар. Практикин болх: кхетам (легар, хандешан билгалза кеп, терахь, и. д. кх.) шен йоццучу характеристикаца цхьаьнабалор.
		Билгалдош. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн легар.1,2-чу легаран билгалдешнаш. Легалуш доцу билгалдешнаш (хьенан? стенан? хаттаршна жоп лун билгалдешнаш).	
		Терахьдош. Масаллин а, рогІаллин а терахьдешнаш.	
		ЦІерметдош. Йаххьийн цІерметдешнаш (карладаккхар). Цхьаллин а, дукхаллин а терахьан йаххьийн цІерметдешнийн дожаршца хийцадалар.	
		Хандош. Хандешан билгалза кеп. Хандешнийн карара, йахана, йогІу хан. Хандешнаш хенашца хийцадалар.	
		Куцдош (йукъара кхетам). МаьІна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар.	
		ДештІаьхье. Хуттург. Цхьалхе а, чолхе а предложенешкахь хуттургаш. Дакъалгаш *ца, ма,* церан маьІна.	

6.	**Синтаксис (5 сахьт)**	Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а, церан тераллех а, башхаллех а кхетар; аларан Іалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (дийцаран, хаттаран, тІедожоран); синхаамийн иэшаре (айдаран а, айдаран йоцу а) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш; йаьржина а, йаржаза а (Іамийнарг карладаккхар). Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам. Цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш: хуттургаш йоцу а, хуттургашца йолу а. Цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь дагардаран интонаци (иэшар). Цхьалхе, чолхе предложени (йовзийтар). предложение (ознакомление).	Предложени, дешнийн цхьаьнакхетар, дош дустарца а, церан тераллин а, башхаллин а баххаш далорца а, дІахьош йолу Іаморан диалог. Тобанашкахь болх: аларан Іалашоне а, эмоцин иэшаре а хьаьжжина предложенийн классификаци. Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам. Цхьалхе а, чолхе а предложенийн башхаллашна тІехь тергам. Шардар: къаьсттинчу билгалонца предложенеш тобанашка йерзор. Цхьаьна гІуллакхдар: дешнийн цхьаьнакхетарш а, предложенеш а хІиттор. Практикин болх: Іамийна кхетамаш (предложенин цхьанатайпанара меженаш, чолхе предложени) масалшца цхьаьнабалор.
7.	**Орфографи а, пунктуаци а (14 сахьт)**	Орфографин син иралла нийсайаздаран гІалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хІоттийна а, схьакховдийна а тексташ талларехь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а). Нийсайаздаран (орфографин) дошамах, дешан нийсайаздар къастош (нисдеш), пайдаэцар. Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар; хуттургаш йоцуш а, хуттургашца а цхьаьнатоьхначу предложенешкахь сацаран хьаьркаш. Шина цхьалхечу предложенех лаьттачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш (тергам).	ХІокху классехь Іамочу нийсайаздаран бакъонех пайдаэцаран алгоритмийн моделаш хІиттор, хІиттийнчу алгоритмех пайдаэцар. Текстана, билгалйинчу бакъонца догІу дешнаш чулацамехь хиларна, комментари а йеш, анализ йар. Таллам кхиорна шардар: дидактикин текстаца болх беш, дешнийн йаздар нийсайаздаран (орфографин) норманашца догІуш хилар къастор, нийсайаздаран (орфографин) гІалаташ карор. Тобанашкахь болх: дешнашкахь гІалаташ карор а, гІалат динчу меттахь дилла деза элп харжарх кхетор а. Шимма цхьаьна бен болх: пайдаоьцучу бакъонийн тайпанца дешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар. Тобанашкахь болх: йаздар Іамийнчу бакъонашца кхето таро йолу дешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар. Нийсайаздаран (орфографин) хьесап кхочушдаран шен жамІан мах хадор, тексташ схьайазйарехь а, олуш дІайазйарехь а гІалаташ иэшорхьама хьехархочун гІоьнца шен дараш нисдар (корректировать дар). Дешнийн дІайаздаран нийса хилар ша таллар, нийса ца йаздина дешнаш карор а, шен гІалаташ нисдар а. Йаздар нийса хиларан бух абалорехь, нийсайаздаран коьчал тІехь бинчу тергаман жамІ дарехь барта алар.

8.	**Къамел кхиор (12 сахьт)**	Барта а, йозанан а тIекеренан хьелаш (кехат, декъалваран открытка, дIакхайкхор (объявлени), и.д.кх.); диалог; монолог; текстан цIарехь текстан тема йа коьрта ойла гайтар. Йозанан къамелан нийса хилар, хьал долуш хилар, исбаьхьалла а тидаме а оьцуш, тексташ (йелларш а, шен а) нисйар. Схьайийцар, дIайазйар (текстан барта а, йозанан кепахь а ма-йарра схьайийцар, текстан барта хоржуш схьайийцар). Сочинени йозанан белхан тайпа санна. Талламан, йовзийтаран йешар. Текстехь гучу кепехь балийна хаам лахар. Текстехь болчу хааман буха тIехь цхьалхечу жамIийн кепаш йалор. Текстехь болчу хааман интерпретаци а, жамIдар а.	Тобанашкахь болх: текстана анализ йар, Iалашонца а, тIекеренан хьелашца а меттан гIирсийн харжар нийсачу буха тIехь хилар. Шимма цхьаьна бен болх: текстан анализ а, цуьнан чулацамехь маьIнин гIалаташ карор а. Кхолларалли тIедахкарш: тайп-тайпанчу тайпанийн барта а, йозанан кепахь а тексташ (суртхIоттор, ойлайар, дийцар) кхоллар. Практикин болх: билгалдинчу хьолаца йогIу жанр харжар а, кехат, декъалваран открытка, дIайаздарш (записки) йаздар а. Кхолларалли тIедиллар: цхьана темина тайп-тайпанчу тайпанийн тексташ хIиттор (суртхIоттор, дийцар, ойлайар). Практикин болх: йешначу книгина отзыв (хетарг) йазйар. Тобанашкахь болх: маьIнийн гIалаташ долу текст нисйар (корректировать йар). ТIедиллар цхьаьна кхочушдар: критерешца текстийн анализ: нийса, хьал долуш хилар, къаьсташ хилар (исбаьхьалла). 80 дашал сов барам боцу тексташ нийса схьайазйан. Iамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, 75 дашал сов барам боцу тексташ олуш дIайазйан. Изложенешна а, сочиненешна а тIехь болх беш шен дарийн анализ, шен дараш йалийнчу алгоритмашца дустар. Iаморан хьесап кхочушдар нийсахиларан ша шен мах хадор: шен текст йуьхьанцарчу текстаца (изложенешкахь) а, билгалйинчу темица (сочиненешкахь) а йустар. Практикин тIедиллар: Iаморан-практикин хьесап кхочушдархьама хаам схьаэцаран хьоста харжар (дошаман, справочникан билггал цхьа тайпа). Кхолларалли тIедиллар: гуш-хезаш гIеххьа (кIеззиг) къамел дарна кечам.
Резерв (дийнна дешаран шарна) – 12 сахьт			